КъБР-м я Къэралыгъуэм и махуэщ

КъБР-м я Конституцэм и махуэщ

2007 фокIадэм и 1

Щ1эныгъэм и махуэщ

Налшык къалэм и махуэщ

ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПШКIУ

АДЫГЭ ТЕМЫЗЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЬАНДЗРЭ КЪЫДОКI

№№170-171(21.079) ● 2007 гъэм фокIадэм (сентябрым) и 1, щ1эбэт ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI ● И уасэр соми 6-щ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

КъБР-м и Президент Къанокъуэ Арсен УФ-м и Къэрал Советым и зэIущIэм хэтащ

УФ-м и Президент Путин Владимир щыщхьэIум и 31-м Астрахань къалэм щIигъэкIуэкIащ Урысей Федерацэм и Къэрал Советым и зэIущIэ. Абы хэтащ УФ-м и Къэрал Советым и Президиумым хьихь, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президент Къанокъуэ Арсен.

КЪЭРАЛ Советым и зэIущIэм щытепсэлъыхьащ къэралым и бдзэжьей хозяйствэр зэрызэрыдзэр егъэфIэкIуэным пыщIа Iуэхухэм. Апхуэдэу хэплъащ бдзэжьей комплексым зегъэужьыным кIэрал зэмылIэужьыгъуэхэм щрагъэкIуэкI лэжьыгъэм.

КъБР-м и Президентымрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ1апIэ.

КъБР-м и связистхэм я лэжьыгъэм пщIэшхуэ хуащI

Республикэм и Iэтащхьэ Къанокъуэ Арсен щыIащ Ипщэ телекоммуникацэ компанием и генеральнэ директорым и къуэдзэ - Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм и унафэщI Шыхъуэстэн Амдулхьэмид Президентыр щIигъуаз ищIащ я лэжьыгъэр зыхуэдэм, дяпэкIэ ягъуэтыну зыужьыныгъэм. Абы зэрыжиIамкIэ, бжыгъэ телевидениэмкIэ мы зэманым республикэм телеканалу 24-рэ, радиоканалу 4 къыщыбубыдыфынущ. 2008 гъэм и кIэм ирихьэлIэу а бжыгъэр 100-м нагъэсыну я мурадщ. Псалъэм къыдэкIуэу жытIэнщи, Краснодар къалэм нужьыкIэ КъБР-р етIуанэу щытащ апхуэдэ Iуэхутхьэбзэр щIыхуэм Ипщэ федеральнэ округым щIыхуащIэ зыщыщIадза субъектхэм ящыщу.

Ипщэ телекоммуникацэ компанием и къудамэу КъБР-м щыIэм и фIыщIэкIэ республикэм зы псэунIэ щыпIэ къыщынакъым Интернетым ущихьэ мыхъуну. Абы къыщынэмыщIауэ, а къудамэм Ипщэ федеральнэ округым псом япэ пIалъэр къэмысу щIигъэзэщIащ ЕгъэджэнигъэмкIэ программэ хэкам и къалэнхэр, республикэм и школ 342-р къанэ щымыIэу Интернетым пищIэри. Интернетыр къэзыгъэсэбэпхэм я бжыгъэр республикэм щIыхуэ мин 18-м щынэсащ. Абыхъэм ящыщу мин 15-р Интернетым ЮхьэI телефонымкIэ, адрей минищым къыхэхащ Интернетым псынщIэ дыдэу зэрихьэ Iэмалыр. КъызэралъытэмкIэ, абыхъэм я бжыгъэр илъэсым и кIэм нэсыху минитхум ныззрыхьэсынущ.

Шыхъуэстэн Амдулхьэмид республикэм и Iэтащхьэм жриIащ КъБР-м и Президентым и сайтыр Ипщэ телекоммуникацэ компанием техникэ Iуэхугъуэ и лъэныкъуэкIэ зэрыдIыгъыр. **Къанокъуэ Арсен** есым и лъэныкъуэкIэ ЮТК-м и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм и фIыщIэу къыпытащ www.nalchik.ru сайтым и пщIэр зэрыныр. Ипщэ телекоммуникацэ компанием и Iэщ1агъэлIэм илъэс и пэкIэ къызэрагъэпэща а сайтыр Урысейм нэхъ щыцIэрыIуэ дыдэ сайт 20-м хэхуащ. Республикэм и Iэтащхьэр щIэмыупщIэу къэнакъым видеоконференц связым и Iуэхутхьэбзэр зищIысым. КъызэрыщIэкIамкIэ, абы Iэмал кьет селектор щыкIэу зэIущIэхэр егъэкIуэкIыным кIэ, къэзгъэзэжьу щыхуэ зыбжанэ зэуэ зэпсэлъэныжьмкIэ. Селекторымрэ абырэ зэщIхьащIкI нужьреймкIэ зэIущIэ щебгъэкIуэкIкIэ, зэпсалъэ щIыхуэм зыззэхахым и мызакъуэу, атIэ икIи экраным зэрыщIэзэрыпытагъымкIэ.

- Сэбэныгъэ пылъынт апхуэдэ Iуэхутхьэбзэр район администрацэхэм я Iэтащхьэхэм я зэIущIэ щрагъэкIуэкIкIэ къэгъэсэбэныным, - жиIащ Къанокъуэ Арсен.

ЮТК-м и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм и лэжьыгъэм и гугъу пщIымэ, Президентым зэрыжиIамкIэ, ар республикэм щIэ инновацIэ структурэхэм я нэхъыбI дыдэщ.

БАЛЪКЪЭР Хьэдис.

Къэрал къулыкъущIапIэхэм

КъБР-м и Президент Къанокъуэ Арсен республикэм и Правительствэм и Унэм щыщхьэIум и 30-м щригъэкIуэкIащ муниципальнэ районхэмрэ къалэ округхэмрэ я финанс-хозяйственнэ Iуэхущ1афэр зыхуэдэм.

ЗэIущIэм и пэщIэдзэм Президентыр кьытеувыIащ 2008 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и республикэ бюджетыр зыхуэдэнум, гу нэхъ зылытащ-хьэу, зэпэпэсчыпхьэу абы хэлъхэм.

АдэкIэ зэIущIэм щедэIуащ район администрацэхэм я Iэтащхьэхэм я отчет кIэщIкIэм.

Налшык къалэ округым и администрацэм и унафэщI **Хьэмэтхуокъу Леонид** къызэригъэлъэгъамкIэ, платежхэм-кIэ щыщхьэIу мазэм къапщытахэр проценти 135,6-кIэ ягъэхьэщIащ, хэхьэхэмкIэ я Iуэхур тэмэмщ, улахуэмкIэ щIыхуэ я1экIым, коммунальнэ IуэхутхьэбзэхэмкIэ нэхъапэм къатенахэр Правительствэм зэрирубыхуам теты ятыж, промышленностым зэрыщыгугъам щIригъэгъуэу мэлажьэ. Районым щагIыпщащ Италием кьраша оборудованэр щагъэува консерв заводыр, бжьыхьэ-щIымахуэ зэманым зыхуагъэхьэзыр, котельни 9-м я зэгъэпэщIыжыныр мы махуэхэм зэфIэкIынущ.

2008 гъэм куейм и бюджетым и проектым Правительствэр зэплъати, хъарзынэу зэхагъэувауэ кьилъытащ.

«Къалэ, район администрацхэм я Iэтащхьэхэм я Iуэхущ1афэр зыхуэдэр дяпэкIэ зытращIыхьынур дэтхэнэми и зэфIэкIыри», - кьинэлъэгъуащ Къанокъуэ Арсен, Республикэм и лIыщхьэм кьызэрыхигъэщамкIэ, псом янпэ кьалытэнур районхэм, жылагъуэхэм ягъуэт зыужьыныгъэрщ, абыкIэ щыIэхэкIыпIэхэр кьызэрагъэсэбэпырщ, инвестицэхэр зыхуэдизырщ, проект хэхаэр зэрагъэзащIэрщ.

Зохьыхэм нэгъуэщI Iуэхугъуэмэ щыгъуазэ щытепсэлъыхьащ.

Абы хэтащ республикэм и Правительствэм и УнафэщI **Ярин Андрей**, министрхэр, ирагъэблэгъа къулыкъущIэхэр.

ХЬЭЖЫКЪАРЭ Алик.

Къапэщытхэм хоплъэ

Прохладнэ муниципальнэ районым и администрацэм и Iэтащхьэ **Пунаржи Виктор** кIэщIу къытеувыIащ куейм и бюджет зэгуэтыр щIышIэлъэщыщIхьэIу мазэхэм гъэзэщIа зэрыхъуам. Абы къызэрыхигъэщамкIэ, социально-экономикэ зыужьныгъэ я лъэныкъуэкIэ зыщыгугъахэм хъарзынэу пэлъащащ, ильэсым и пэм ельытауэ дебитор щIыхуэр сом мелуани 6,7-кIэ ятьмэщIащ, предприятэхэм, организацэхэм, бюджет Iуэхущ1апIэхэм улахуэмкIи щIыхуэ ятелькъым, бжьыхьэщIымахуэ лъэхэлъэм суэжьрэкIыу зыхуагъэхьэзыр.

Пэнагуэ Максим зэхуэсахэр хигъэгъэуэащ Тэрч куейм и Iуэху зыIутым. Кьапщтэмэ, улахуэмкIэ щIыхуэ я1экIым, коммунальнэ IуэхутхьэбзэхэмкIэ нэхъапэм къатенахэр Правительствэм зэрирубыхуам теты ятыж, промышленностым зэрыщыгугъам щIригъэгъуэу мэлажьэ. Районым щагIыпщащ Италием кьраша оборудованэр щагъэува консерв заводыр, ирихьэулъэрэ пIалъэхэр зэрарубзыхуамрэ. Чернышевэм и къэпсэльэныгъэм къызэрыхэщамкIэ, гуГуъехь щхьэхуэхэр щыIами, арэзы укъэзыщI бжыгъэхэр мащIэкIи. Ар къызыхэкIар экономикэм и Iэнатlэм зыужьыныгъэ нэрылъагъуэхэр зэрыщыIэрщ. Адэкlэ ар тепсэлъыхьащ 2008 гъэм гулъытэ нэхъ зыхуащIыну унэтIныныгъэхэм, абыхъэм хухаха мылъкур зыхуэдизыр къинэнэIуащ.

2007 - 2011 гъэхэм КъБР-м и социально-экономикэ зыужьныгъэ программкэр зэрызэхальхьам триуэуащ КъБР-м экономикэ зыужьныгъэмрэ сатумкIэ и министр **Мусуков Алий** и къэпсэльэныгъэр. Программэм и мурад нэхъыщIэхэр щIыхуэхэм я псэуIэр егъэфIэкIуэнырщ. А унэтIныныгъэм зегъэужьын папщIэ экономикэ, социальнэ, экологие и лъэныкъуэкIэ зыIуэ гугъуехьхэр министрым къэпсальэгъуэри, ахэр гъэкIуэдыжьыныкIэ пэжыифхэхэри дыщIигъужащ.

ЩХЬЭЩЭМЫЩIИЗ.

Зыужьныгъэ нэрылъагъуэр

Щыщхьэ1ум и 30-м КъБР-м и Правительствэм и зи чэзу зэIущIэ екIуэкIащ.

АБы ХЭТАЩ КъБР-м и Правительствэм и УнафэщI **Ярин Андрей**, абы и къудзэхэу **Тхьэзэпэтыкъ Мурат, Дышэкl Мадинэ, Чеченов Ануар,** УФ-м и Президентым и полномочнэ лIыкIуэу Ипщэ Федеральнэ округым щыIэм и аппаратым и федеральнэ инспектор **Меркулов Александр,** министерствэхэм, ведомствэхэм, къалэ, район администрацэхэм я унафэщIхэр.

ЗэIущIэр кьыщыдзэIуихьащ **Ярин Андрей** кьызэхуэсахэр щигъэгъуэзащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и республикэ бюджетыр гъэзэщIа зэрыхъум псалъэмакъыр нэхъ тегъэщIауэ зэрыщытынур.

Абы и лъэныкъуэкIэ Iуэхур зэрекIуэкIым уби-гъауэ тепсэлъыхьащ КъБР-м финансхэмрэ и министрым и къудзэ **Чернышева Ольгэ.** Абы кьигъэлъэгъуащ 2007 гъэм и япэ илъэс ныкъуэм республикэ бюджетыр гъэзэщIа зэрыхъуамрэ 2008 гъэм и бюджетыр зэрауб-зыхуамрэ. Чернышевэм и къэпсэльэныгъэм къызэрыхэщамкIэ, гуГуъехь щхьэхуэхэр щыIами, арэзы укъэзыщI бжыгъэхэр мащIэкIи. Ар къызыхэкIар экономикэм и Iэнатlэм зыужьныгъэ нэрылъагъуэхэр зэрыщыIэрщ. Адэкlэ ар тепсэлъыхьащ 2008 гъэм гулъытэ нэхъ зыхуащIыну унэтIныныгъэхэм, абыхъэм хухаха мылъкур зыхуэдизыр къинэнэIуащ.

ХЬЭЖЫКЪАРЭ Алик.

Гуфlэгъуэр нэхъ ин мэхъу

● Нобэ

Иужькlэ гъуэгуанэшхуэ зэпачащ, екъуIэныгъэ инхэр кьахьащ. 1934 гъэм областым ди къэралышхуэм щыгъэхэм ящыщу кьыхуагъэфащащ СССР-м и дамыгъэ нэхъыщхьэ Ленин орденыр. 1936 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэрыр республикэ хъуащ езым и дамыгъэхэр, Конституцэ иIэжу. Ар ящыщ лъэкIыныгъэшхуэ зиIэ щыIанэхэм. А псори щIэгъэкъуэн хъуащ ди экономикэм, щIэныгъэм, щIэхабзэм зрагъэужьын и лъэныкъуэкIэ.

1957 гъэм, Къэбэрдейр Урысейм зэрыгухьэрэ илъэс 400 щрикъум ирихьэIэу, КъБАССР-м кьратащ етIуанэ Ленин орденыр, 1971 гъэм кьыхуагъэфэщащ Октябрь революцэм и орденыр.

Мы гъэм республикэм и Къэралыгъуэм и махуэр КъБР-м щагъэлъэпIэнущ Къэбэрдей-Балъкъэрыр езым фIэфIу Урысейм зэрыгъэзэ илъэс 450-рэ зэрырикъум и саулыкъуэкIэ екIуэкIыну гуфIэгъуэ Iуэхуэм хэту. Аращи, гуфIэгъуэр куэдкIэ нэхъ ин хъунущ.

МАХЪШОКЪУЭ Мухьэмэд.

Щ1эхабзэ

Щ1эх-щ1эныгъэ къыгъэщIэрапIэ

УФ-м Щэнхабзэмрэ щыхубз зэпыщIэныгъэхэмкIэ и министерствэм и къэпсэльэныгъэ и лъэныкъо 450-рэ щрикъу махуэшхуэм и дамыгъэр (баннер).

АБы ИТЩ а махуэшхуэр зэрагъэлъэпIэну щIыкIэри, ягъэльэгъуэну программэри. Апхуэдэ баннер тетщ КъБР-м и Президентым и сайтми (www.presidentkbr.ru). "Илъэс 450-рэ" рубрикэм хэту абы щызэхуэхьэсащ махуэшхуэм теухуа хьыбар псори, абы апхуэдэу хэтщ Налшыкрэ Москварэ юбилейр зэрыщагъэлъэпIэну щыIкIэ хэри. КъБР-м и Президентым и сайтым хэпльэхэм щыгъуазэ зыхуащIыфынущ Къэбэрдей-Балъкъэрым нобэ иIэ псэукIэм, республикэм и лIыщхьэм теухуа хьыбархэм, сурэтхэм, видеоматериалхэм.

Щ1эх-щ1эныгъэ къагъэщIэрапIэ "Мультимедиа" рубрикэм итщ КъБР-м и Президентымрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэ хущIапIэм игъэхьэзыра видеороликхэри телеканал зэмылIэужьыгъуэхэм траха пычыгъуэхэри. Абы-хэм языхэзым уеплъмэ, къэпщIэнущ Къанокъуэ Арсен УФ-м и Президент Путин Владимир, Москва къалэм и мэр Лужков Юрий сымэ зэрагъэщIар, КъБР-р илъэс 85-рэ щрикъур щагъэлъэпIа зэхьхьэшхуэхэр зэрекIуэкIар, Германием щыпсэу ди пIэнкъэгъуэм Къанокъуэ Арсен зэрахъуэжар, Канн, Берлин къалэхэм щекIуэкIа дунейпсо гъэльэгъуэныгъэхэм ди республикэм и лIыкIуэхэр зэрыхэтар, КъБР-м и Президентыр Текъуныгъэм и махуэхуэр щагъэлъэпIэм зэрыщыIар, нэгъуэщIхэри.

«Мультимедиа"-м хэтщ фотоальбом. Ар къызэIуихьым ильагъунущ Налшык и уэрамхэр, зэрыщIыбжьагъущ и аркэр, 115-нэ Кавдивизэм и зауэлIхэм я фэепльыр, къалэм и нэгъуэщI щыпIэ дахэхэр.

МЕЧИЕВ Асхъэт,
КъБР-м и Президентымрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ1апIэм и лэжьакIуэ.

Ди лъэпкъэгъу щэджащэхэр



ЦIыхУ цIэрыIуэ куэд къахэкIащ адыгэхэм - зи цIэр жыжьэ щыIуа пщышхуэхэр, лIыщхьэхэр, узэщIакIуэхэр, кIэхутакIуэхэр, къэрал, лъэпкъ лIыкIуэхэр. Дэ дрогушхуэ абыхъэм - ди лъэпкъым и гъэсакIуэ зигъэбжьифIэ цIыху щэджащэхэм: Инал Нэху, Идар Темрыкъуэ, Къанокъуэ Мэшыкъуэ, Мамсырыкъуэ, абы и къуэ Къаншауэ (Дмитрий), нэгъуэщIхэми. Урысейм и япэ генераллиссимус хъуащ Черкасский Александр Алыджыкъуэ и къуэ Алей (Михаил), Касний Темджыбым и къэхутакIуэщ, абы и япэ картэр ищIащ Бекович-Черкасский Александр (Долэтджэрий). Къэбэрдеймрэ Урысеймрэ я хуитныгъэм щIэзэуащ ХьэтIохъущокъуэ Кургъуокъуэ, Мысост ХьэтIохъущыкъуэ сымэ. Урысейм и канцелярыхуэу, нэгъуэщIу мыпIэмэ, Правительствэм и унафэщIу щытащ Черкасскэхэ Урыскъан (Яков), Алексейр, Иван сымэ, министерствэхэр зэрахьащ адыгэлI, дзэпщ, дипломат зыбжанэм. Урысейми Къэбэрдейми я тхыдэм лъэужьыщхьэ кIыхьнащ и лIыгъэм папщIэ Георгий орденыр зратаэ щыта ХьэтIохъущокъуэ Исмел. Адыгэхэм я тепсэлъэныгъэ къызэранэкIащ Нэгумэ Шорэ, Къаз-Джэрий, Къуэдзокъуэ Лакъумэн сымэ.

Ди лъэпкъыр зэрыгушхуэ а цIыху цIэрыIуэхэм я Iуэхущ1афэхэм, я гъащIэм щыгъуазэ уещI «Эль-Фа» тедзапIэ центрым иджыблагъэ къыщыдэкIа буклет гъэщIэгъуэным. Буклетыр зыгъэхьэзыра Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ, ЩIДАА-м и вице-президент, «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэ ХьэфIыщIэ Мухьэмэдщ.

Цыху цIэрыIуэ щэщIым я сурэтрэ я хъыбар кIэщIра къызэщIиубыдащ буклетым. Сурэтхэр ящIащ Галушкэ зэадзэкъуэм - Михаилрэ Викторрэ. Буклетым и дизайнир зейр Горлов Михаилщ.

Буклетыр зыгъэхьэзырахэм ар тыгъэ хуащI ди щIыналъэр Урысей къралыгъуэм зэрыкъыхэрэ илъэс 450-рэ щрикъу махуэ лъапIэм.

КЪЭРМОКЪУЭ Хьэмид.

IэнатIэ мытынш

Щыщхьэ1ум и 30-м Налшык Печатымкlэ и унэм щекIуэкIащ КъБР-м и Журналистхэм я союзым къызэригъэпэща конференц.

СОЮЗЫМ и правленэм хэтхэр, республикэ, район газетхэм я редактор нэхъыщхьэхэр, телеканалхэм я унафэщIхэр, радиом и лэжьакIуэхэр зыхэта зэIущIэм ягъэ псалъэ ираташ КъБР-м и Журналистхэм я союзым и унафэщI **Мэзыхьэ Борис.**

- Республикэм щыIэ творческэ зэгухьэныгъэхэм ящыщу цIыху нэхъыбI дыдэ кьызэщIэзыбыдэ ди союзым мы лъэхъэнэм ирихьэлIэу журналист 473-рэ хэтщ, - жиIащ Мэзыхьэм. - Абыхъэм ящыщу 282-м щIэныгъэ нэхъыщхьэ, 36-м журналист Iэщ1агъэмкIэ щIэныгъэ нэхъыщхьэ яIэщ, 132-р - пенсионерщ, 63-р журналист лэжьыгъэм и ветеранщ. Апхуэдэущ щыт пэтми, ди зэгухьэныгъэм хэтхэр ирихьэлIэу илъэсхэм нэхъ мащIэ хъуащ, кьызыхэкIари журналистхэр зыпэрыт Iэнатlэр зэрымытыншырщ.

Мэзыхьэ Борис кьыхигъэщащ КъБР-м и Журналистхэм я союзыр кьызэрызэрагъэпэщрэ 2007 гъэм илъэс 50 зэрырикъур, ар гъэльэпIэным епха Iуэхугъуэхэр жэпуэгъуэ мазэм ирагъэкIуэкIыну зэрамурадыр.

Илъэс кьэс Дыгъэмыс (Краснодар край) щекIуэкI Прессэм и фестивалым ди журналист куэд хэтыну я нэ кьызэрыуикIым, а зэIущIэхэм прессэм зегъэужьыным теухуа псалъэмакъ щхьэпэхэр зэрыщекIуэкIым я гугъу ищIащ 49-нэ телеканалым и унафэщI **Санэ Иринэ** икIи абы хэту фестивалхэр ди республикэмкI кьыщыщзэрагъэпэщыну кьыхилъхьащ.

«НОТР» ОРТК-м и унафэщI **Вэрокъуэ Владимир** и къэпсэльэныгъэм пыухыкIауэ Iуэхугъуищым кьыщытеувыIащ: печатымрэ хьыбарегъащIэ IэнатIэхэмкIэ министерствэ псо мыхъуми, комитет е агентствэ щхьэхуэ я кьыгъэпэщыпхьэу кьызэрилъытэм, союзым хэту дэIэпыкъуэгъу хуэныкьуэхэм защIэгъэкъуэным, журналист Iэщ1агъэм дихьэх щIалэгъуалэр гъэсэным.

Вэрокъуэм и Iуэху епIыкIэхэр диIыгъащ «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэ **ХьэфIыщIэ Мухьэмэд**. Апхуэдэу зэIущIэм кьыщыпсэльащ «Советская молодежь» газетым и редактор нэхъыщхьэ **Кьардэн Мухьэмэд**, «Солнышко» сабий журналым и унафэщI **Накуэ Еленэ**, КъБР-м и Журналистхэм я союзым и ветеран зэгухьэныгъэм и пашэ **Белгъэрокъуэ Евгение**, «Баксанскій вестник», «Голос Чегема» район газетхэм я редактор нэхъыщхьэхэу **Дотькуал Сэфарбийрэ Къуэныкъуей Борисрэ**, нэгъуэщIхэри.

Зэ1ущ1эм хэтахэм Мэзыхьэ Борис идкьыри зы пIалъэкIэ и кьулыкъым тетыну къагъэлъэгъуэжащ, зэгухьэныгъэм и президиумыр, правленэр хахьжащ

НЫБЭЖЬ Таисэ.

Сурэтыр **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

Печатым и унэм

Футбол

"Москва" (Москву) - "Спартак-Налшык" (Налшык) - 1:0

УРЫСЕЙ Федерацэм футболымкIэ и премьер-лигэм хэт командхэм я зэхьэзэхуэм хьыкъу Стрельцов Эдуард и цIэкIэ щыIэ стадионым дыгъуасэ щекIуэкIа зэIущIэр апхуэдэу нухащ.

«Москвамрэ» «Спартак-Налшыкымрэ» зэрызэдзэкIыгуам теухуа тхыгъэ газетым тетынущ.

ЖЫЛАСЭ Заур.

КЪЭБЭРДЕЙ
Щбдт кьыдэкIыгъуэ

Си еджапIэ - си къежьапIэ

Президентыр дaIыгъ

Ди газетым зэрытетащи, егъэджэныгъэ IэнатIэм пэрытхэм я шыщхьэIу зэIущIэшхуэр Къэрал концерт тыпIэм щызэхэтащ. Абы и щIыхьэпIэм деж къыщызэрагъэпэщат гъэ еджэгъуэ кIуам мелуан зырыз къэзыхьа школхэм я Iуэхущiафэхэм теухуа гъэлъэгъуэныгъэр.

● ЗэIущIэхэр

ЗЭIУЩIЭР къызэIуихри, гъэ еджэгъуэщIэмкIэ, ЩIэныгъэм и махуэмкIэ, КъБР-м и Къэралыгъуэм и махуэмкIэ, Къэбэрдей-Балъкъэрыр Урысейм зэрыгухьэрэ илъэс 450-рэ зэрырикъумкIэ къызэхуэсахэм ехъуэхъуащ КъБР-м и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэ **ДыщэкI Мадинэ.**

IэнатIэм щызэфIагъэкIахэмрэ дяпэкIэ я мурадхэмрэ теухуауэ къэпсэлъащ егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ министр **Щхьэгъэпсо Сэфарбий.**

- БлэкIа гъэ еджэгъуэр Iуэхугъуэфl куэдкIэ гъэнщIауэ щытащ, - жиIащ министрым. - КъБР-м и Президентым Парламентым Зэрызыхуигъэзам къыщыхигъэща, лъэныкъуэ куэд къызэщIэзыубыдэ Iуэхущ ахэр. Абы хохьэ 2007 - 2011 гъэхэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм егъэджэныгъэм зыщегъэужьынымкIэ зыуэ щыт республикэ программэр, «2007 - 2011 гъэхэм лъэпкъыбзэхэмкIэ зэрырагъэджэну тхылъхэр егъэфIэкIуэным теухуауэ» зыуэ щыт программэр.

Хъарзынэу къыдогъэсэбэп «Егъэджэныгъэ» лъэпкъ проектым и унэтIыныгъэхэр. Къапщтэмэ, ди лъахэм щIэныгъэ щрагъэгъуэт еджапIэ зэхуэмыдэу 419-рэ итщ. Абыхэм егъэджакIуэ, гъэсакIуэ мин 20 щолажьэ. Гулъыт э лей худощI абыхэм я щIэныгъэм, Iэзагъым хэгъэхъуэнми.

ПрограммэщIэхэр къэзыгъэсэбэп школхэм я зэхьэзэхуэр зэриухар, текIуахэм кърата мелуан зырызымкIэ школхэм я материальнэ-техникэ лъабжьэр зэрырагъэфIакIуэр къыхигъэщащ Щхьэгъэпсом. Апхуэдэуи къэрал дэIэпыкъуныгъэ зратыну еджапIэхэм я зэпеуэм Хьэмдэхъум и цIэкIэ щыIэ агропромышленнэ лицейр зэрыщытекIуар, федеральнэ бюджетым къыхэкIыу сом мелуан 21,5-кIэ абы къызэрыхуэупсар и гуапэ хъуу э къызэхуэсахэм хъыбар яригъэщIащ.

И къэпсэ лъэныгъэм и кIэухыу, министрым къигъэлъэгъуащ 2007 гъэм республикэм и курыт школхэм зэрырагъаджэ Iэмэпсымэу комплект 88-рэ, автобуси 6, къуажэ школхэм папщIэ микроавтобус 25-рэ къазэрыIэрыхьар, республикэ бюджетым къыхэкIыу комплект 26-рэ, автобуси 10 абыхэм зэрыдыщIагъунур.

АдэкIэ псалъэ зрата, Дзэлыкъуэкъуажэ дэт 1-нэ прогимназием и унафэщI **Шал Любовь** къыжиIащ республикэм и гъащIэм хэпща хъу «Егъэджэныгъэ» лъэпкъ проектым мыхьэнэшхуэ зэриIэр, абы ипкъ иткIэ Iэмал куэд къахуэгъэсэбэп зэрыхъуар. Апхуэдэуи мелуан зырыз зрат школхэм я зэпеуэм къахуигъэув мардэхэр нэхъ тIасхъэ щIын зэрыхуейр, ди школхэр къалэшхуэхэм яйм ебгъапщэ зэрымыхъунур къыхигъэщащ.

Лъэпкъыбзэхэр зэрадж тхылъхэр жыы зэрыхъуар, ахэр щIэрыщIэу зэхэгъэувэжауэ къызэрыдэгъэкIыжыпхъэрщ Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIэныгъэ институтым балъкъэр литературэмкIэ и къудамэм и IэтащхьэБиттировэ Тамарэ зытепсэлъыхьар.

ЗэIущIэм кърихьэлIа, республикэм и Президент **Къанокъуэ Арсен** къыщыпсалъэм къыхигъэщащ егъэджэныгъэ, щIэныгъэ унэтIыныгъэхэр республикэм и унафэщIхэм япэ ирагъэщ Iу эху-гъуэхэм зэращыщыр.

- Дыщыпсэу къэралым иужьрей илъэсипщIым лъэныкъуэ куэдкIэ зихъуэжащ, - жиIащ Къанокъуэ Арсен. - Абы ипкъ иткIэ, егъэджэныгъэ ухуэкIэр щыдубзыхукIи, IэщIагъэлIхэр щыдгъэхьэзыркIи жыпхъэ пыухыкIахэр ди пащхьэ къоувэ. КъапщтэмэIиджырей щIэныгъэр псоми я зэху эдэу, абы бгъэдэлъ беягъым хэмыщIIауэ ди щIэблэм ябгъэдэтлъхьэн хуейщ. Дэ Iэмал псори къызэдгъэпэщын хуейщ урысейм щыщыIэ егъэджэныгъэм дыкъыкIэрымыхун папщIэ икIи быдэу си фIэщ мэхъу а мурадым дызэрылъэIэсыфынур. Абы папщIэ нэхъыщхьэу къэслъытэр зи гугъу тщIы IэнатIэр информатизацэм хуэгъэкIуэнырщ. Республикэм ит школ псоми компьютер классхэр къыщызэIутхащ, «Егъэджэныгъэ» лъэпкъ проектым ипкъ иткIэ, щIэныгъэ щрат IуэхущIапIэ псори Интернетым пытщIащ.

КъБР-м щрагъэгъуэт щIэныгъэм щытепсэлъыхьым, Президентым къыхигъэщащ абы и фIагъыр зыуэ щыт къэрал экзаменхэм къызэрагъэлъагъуэр. Мы гъэм ар нэхъ къызэгъэпэщауэ, ткIийуэ екIуэкIащ. Экзамен зыт сабийхэр гугъу зэрехьым, гъуэгур къазэрехьэлъэкIым адэанэхэр зэрытегузэвыхьым и жэ уапу, а Iу эху м хэплъэжын зэрыхуейр къигъэуващ Президентым.

Зи гугъу ищI Iуэхугъуэм хэлъ лъэпощхьэпохэм щытепсэлъыхьым, Къанокъуэ Арсен къыхигъэщащ информационнэ, коммуникационнэ технологиехэр Iэрыхуэу къызыхуэгъэсэбэп егъэджакIуэхэр гъэхьэзырын зэрыхуейр, школхэм я материальнэ-техникэ базэр зэрегъэфIэкIуапхъэр, нэгъуэщIхэри.

Социальнэ и лъэныкъуэкIэ я Iуэ ху зыIутым теухуауэ зэIущIэм къыщыпсэлъащ егъэджэныгъэ IэнатIэм пэрытхэм я профсоюзым и рескомым и Iэтащхьэ **Карныш Сергей.** Абы къигъэлъэгъуащ бюджет IэнатIэ пэрытхэм я улахуэм процент 15 2007 гъэм фокIадэм и 1-м щыщIэдзауэ зэрыхэхъуэнур, егъэджакIуэхэм я улахуэр ику иту 5980-рэ зэрыхъунур.

ЗэIущIэм и кIэухым абы кърихьэлIахэм я упщIэхэм жэуап щритым, Президентым жиIащ республикэм щекIуэкI псалъэмакъ мыхъумыщIэхэм лъабжьэ зэрамыIэр, ар къагъэсэбэпкIэрэ, КъБР-м и Iулыджыр езыудыхыну зи мурадхэм зэрапэрыуэнур.

- УФ-м и Президентым дзыхь къысхуищIа къалэныр згъэзащIэу ди республикэм и зэIузэпэщыгъэр къэсIэтынырщ, абыкIэ дэIэпыкъуэгъу къысхуэхъунухэр зэзгъэуIунырщ си лэжьыгъэм лъабжьэ хуэхъур, - жиIащ Къанокъуэм. - Ауэ, ди жагъуэ зэрыхъунщи, ар зигу иримыхьхэр щыIэщ. Апхуэдэхэрщ си Iыхьлыхэр къулыкъу лъагэхэм згъэуву, республикэм и мылъкур зыIэщIэслъхьэну сыхэту, лъэпкъ политикэ езгъэкIуэкIыу жызыIэр. Ар пэжкъым, апхуэдэ псалъэмакъхэмкIэ си пIэ сыкъизыщыну зи гугъэхэм, дызыт еува гъуэгум дыкъытрашыну зи мурадхэм къайхъулIэнукъым. Игъащ1э лъандэрэ зэдэпсэу ди лъэпкъхэм я зэныбжьэгъугъэм и лъапIагъыр хэзыутэну хуейхэм яжесIэнут хабзэм къемызэгъыу къызэрагъэпэщ зэхыхьэхэм зыри къызэримыкIынур, ди зэкъуэтыныгъэм, мамыр псэукIэм я бийхэм къысхуагъэув Iуэхугъуэхэр къызэрызмыщтэнур. ЕфIэкIуэныгъэм, зыужьыныгъэм хуэтч лъэбакъуэхэр зыми къызэрызэтримыгъэувыIэфынур ящIэну сыхуейщ ар зигу илъ псоми.

Президентыр зэрыдaIыгъыр, абы республикэм щригъэкIуэкI зэхъуэкIыныгъэхэр зэрафIэигъуэр къагъэлъэгъуащ егъэджакIуэхэм.

ШЫПШ Даянэ.

Курыт школым зэрыщIэс лъандэрэ ПщыукI Заретэ егъэджакIуэ IэщIагъэм щIэхъуэпсырт. Шк олыр къиуха нэужь ар щIэтIысхьащ КъБКъУ-м и химие факультетым. 1994 гъэм щIэныгъэ нэхъыщхьэ зригъэгъуэтри, а предметыр сабийхэм щаригъэджу Псыншокъуэ курыт школым лэжьэн щыщIидзащ.



ПщыукI Заретэ дерсыр яхуэзэпкърех.

Езыр дыгъэм щогуфIыкI, егъэджакIуэр - сабийм и щIэныгъэм

ДЭТХЭНЭзы цIыхум и дежкIи насыпышхуэщ мурад зыхуигъэувыжар къыщехъулIэр. Апхуэдэт Зарети: ар мащIэу гузавэу, щтэIэщтаблэу, ауэ зригъэгъуэта щIэныгъэм къару къыхилъхьэу нобэ егъэджакIуэу щIохьэ дыгъуасэ езыр еджакIуэ цIыкIуу зыщIэса классым. «ЕгъэджакIуэр нэгъэсауэ егъэджакIуэ хъунукъым, - жеIэ Заретэ, - езыр еджакIуэм и пIэм имыувауэ».

1996 гъэм ПщыукIыр уващ Сэрмакъ дэт ещанэ курыт еджапIэм икIи нобэр къыздэсым абы щолажьэ. Заретэ и лэжьыгъэм удэзыхьэх куэд хэлъщ. И IэщIагъэр фIыуэ зэрилъагъур уи фIэщ мэ хъу абы дерсхэр щригъэкIуэкIым и деж укIэлъыплъмэ. Унэ лэжьыгъэр зымыгъэзэщIа сабийм ешхыдэркъым Заретэ, атIэ къытрегъэзэжри а темэр къагурегъэIуэж. Апхуэдэ егъэджакIуэм сабийр щIэныгъэм хуигъэушыфынущ, гъуэгу захуэ тригъэувэфынущ.

ЕгъэджакIуэм химие предметым хухаха сыхьэт бжыгъэр фIэмащIэ хъури, кружок къызэIуихащ «Химик ныбжьыщIэ» жиIэу. Ар икъукIэ щIэгъэкъуэнышхуэ мэхъу Заретэ и предметыр сабийхэм фIыуэ ярагъэлъагъунымкIэ.

ЕджакIуэхэм химие пэшым къэхутэныгъэ хьэлэмэтхэр щрагъэкIуэкI.

Дауи, дэтхэнэ зы егъэджакIуэри хуейщ езым и лъагъуэм и гъэсэнхэри ирикIуэну. Абы щхьэкIэ уи Iуэху бгъэдэлъхьэкIэр адрейхэм яйм къыщхьэщыкIыу, нэхъыфIу щытын хуейщ. Химиер предмет гъэщIэгъуэнщ икIи цIыкIухэр куэдым щIоупщIэ икIи абыхэм я жэуап нэс ярет егъэджакIуэм.

Зыми хужыIэнукъым цIыху бгъэсэныр, ебгъэджэныр лэжьыгъэ тыншу, ауэ дэтхэнэ зы сабийми и хьэл-щэным техуэ бгъэдыхьэкIэ къыхуэбгъуэтыфмэ, итIанэщ ущыегъэджакIуэ нэсыр, ехъулIэныгъи ущиIэнур.

Заретэ и лэжьыгъэр псыхэкIуадэ хъуркъым: кружокым къекIуалIэ сабийхэм район олимпиадэхэм увыпIэ лъагэхэр илъэс къэс къыщахь, я егъэджакIуэм и цIэр фIыкIэ ягъэIуу. ПщыукIым сабийхэм щIэныгъэ куу зэрабгъэдилъхьэфыр къалъытэри, илъэситIкIэ зэкIэлъыкIуэу щIыхь тхылъ кърататщ, щылажьэ классым IэмэпсымэщIэхэр къыхущIагъэуващ.

ЖЫЛАСЭ Замир.

Хуэхъэзыру ирихьэлIэ

УФ-м и МЧС-м и Управленэ нэхъыщхьэу КъБР-м щыIэм щекIуэкIа зэIущIэм щытепсэлъыхьащ республикэм и школхэмрэ адрей и еджапIэхэмрэ мафIэсым щыхъумэным зэрыхуэхьэзырым.

ПРЕСС-КОНФЕРЕНЦЫР иригъэкIуэкIащ Урысейм къызэрымыкIуэ щытыкIэхэмкIэ и министерствэм и управленэ нэхъыщхьэу КъБР-м щыIэм и унафэщIым и къуэдзэ, МафIэс къэмыгъэхъуным кIэлъыплъынымкIэ управленэм и унафэщI **Тенджыз Мухьэмэдин.**

Абы зэрыжиIамкIэ, шыщхьэIум и 27-м ирихьэлIэу мафIэсым кIэлъыплъынымкIэ органхэм я лэжьакIуэхэм гъэ еджэгъуэщIэм зэрыхуэхьэзырым теухуа къэпщытэныгъэхэр щрагъэкIуэкIащ еджапIи 194-м. Абыхэм ящыщу 188-р мафIэсым зыщыхъумэным хуэщIащ, 6-м ныкъусаныгъэхэр хуагъэлъэгъуащ. Къэнэжа еджапIэ 54-ри къапщытэжу, гъэ еджэгъуэщIэм ирихьэлIэу республикэм и школ 248-ми я Iуэху зытет зрагъэщIэну я мурадщ, комиссэр еужьэрэкIыу мэлажьэ.

Иджыпсту судыр хоплъэ Налшык дэт пщыхьэщхьэ ед жапIэ №1-м, 16-нэ курыт еджапIэм, Шэрэдж районым щыIэ Зэрэгъыж къуажэ школым я Iуэхухэм. Адрей школиплIым хуагъэлъэгъуа ныкъусаныгъэхэр ягъэзэжкIуэж.

Тенджызым зэрыжиIамкIэ, школхэм хуагъэув ныкъусаныгъэхэм ящыщщ пэшхэр псынщIэу къэлыд, щискIи щхъухь къызыпих материалхэмкIэ къызэрыращIыкIыр, щIэкIыпIэхэр зэрыгъэбыдар, щхьэгъубжэхэм гъущI хъархэр зэрыхагъэувэр. Иужьрейхэм я гугъу пщIымэ, ахэр IункIыбзэкIэ бгъэбыдэу икIи Iупхыфу щытын хуейщ.

- Школхэр мафIэсым щыхъумэнымкIэ зыхуеину Iэмэпсымэхэмк Iэ къызэгъэпэщыным теухуа Iуэхур мызэ-мытIэу КъБР-м и Президентымрэ Правительствэм и УнафэщIымрэ я деж къыщаIэтащ. МафIэс къэхъумэ хъыбар къозыгъащIэ сигнализацэхэр, автоматхэр гъэувыным дызэрыт илъэсым и ещанэ мазищым мелуан 16 хухахащ. Апхуэдэ Iэмэпсымэхэр щагъэувынущ школ 26-м. А лэжьыгъэр йокIуэкI икIи жэпуэгъуэм зэфIыхьэну мэгугъэ. Мы гъэм и етIуанэ мазищым школ 42-рэ, нэгъабэ 20 абыхэмкIэ къызэрагъэпэщащ. А бжыгъэхэр зэхэплъхьэжмэ, процент 50-м нэблагъэм ахэр щагъэуващ, етIанэгъи а лэжьыгъэм къыпащэнущ, - жиIащ абы.

Пресс-конференцым къызэрыщагъэлъэгъуамкIэ, республикэм и школхэр къызэрызэрагъэпэщ Iэмэпсымэхэм хуэдэхэр щагъэувынущ КъБР-м Лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьыныгъэмкIэ и министерствэм сабий зеиншэхэр, ныкъуэдыкъуэхэр, жьыкIэфэкIэхэр щапI и IуэхущIапIэу 5-м. Абы хухахащ сом мелуани 2,5-рэ.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

Бжыгъэхэм къаIуатэ

■ Къэбэрдей-Балъкъэрым еджапIэ 419-рэ щолажьэ. Абыхэм ящыщу 87-р пэщIэдзэ еджапIэ-сабий садщ, 5-р - зи узыншагъэм сэкъат гуэр иIэ сабийхэр щеджэ IуэхущIапIэщ, 229-р курыт еджапIэщ, 62-м программэм и лейуэ егъэджэныгъэ хэха щызэфIах, 12-м егъэджэныгъэм дэщIыгъуу пэщIэдзэ IэщIагъи щрагъэгъуэт.

■ 2007 - 2008 гъэ еджэгъуэщIэм ирихьэлIэу республикэм къыщызэIуахащ еджапIэ 12.

■ 2007 гъэм республикэм и курыт еджапIэхэм 9-нэ классыр къыщаухащ ныбжьыщIэ 13629-м. Абыхэм ящыщу еджакIуэ 1176-м аттестат «плъыжь» къахьащ.

■ Гъэ еджэгъуэ блэкIам республикэм и курыт еджапIэхэм 11-нэ классыр къыщаухащ ныбжьыщIэ 10087-м. Абыхэм ящыщу 392-м дыщэ, дыжьын медалхэр хуагъэфэщащ.

■ «Егъэджэныгъэ» лъэпкъ проектым ипкъ иткIэ республикэм и курыт еджапIэ 25-м сом мелуан зырыз яIэрыхьащ, фIым я фIыж егъэджакIуэу 86-р сом мини 100 хъу ахъшэ саугъэтхэмкIэ ягъэпэжащ.

● УпщIэ - жэуап

Ди улахуэр нэхъ мащIэ хъупу?

«Егъэджэныгъэ IэнатIэм зэхъуэкIыныгъэ щигъуэт зэманщ иджыпсту. Куэд щIакъым абы теухуа хъыбарыщIэ аргуэру зэрызэхэтхрэ.

Зи гугъу сщIыр дяпэкIэ курыт еджапIэхэр къэралым мылъкуу хуиутIыпщынур зэлъытауэ щытынур абы щеджэ сабийхэм я бжыгъэрауэ зэрыжаIэрщ. А зэхъуэкIыныгъэр егъэджакIуэхэм ди улахуэм зыгуэркIэ къылъэIэсыну?»

ШЫКУЭ Борис, *егъэджакIуэ.* *Куба къуажэ.*

«Адыгэ псалъэм» егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и къудамэм къыIэрыхьа апхуэдэ упщIэм жэуап ирет егъэджэныгъэ IэнатIэм пэрытхэм я профсоюзым и рескомым и тхьэмадэ КАРНЫШ Сергей:

- «Курыт еджапIэхэр, гъэсапIэхэр мылъкукIэ къызэгъэпэща хъуныр, дауи, къэралым и пщэрылъ Iуэхушхуэхэм ящыщщ. Шыкуэр зытегузэвыхь зэхъуэкIыныгъэр (подушевое финансирование образовательных учреждений) егъэджакIуэхэм я улахуэм зыкIи зэран хуэхъунукъым. А IуэхугъуэщIэр мы гъэ еджэгъуэщIэм къриубыдэу республикэм и курыт еджапIэ зыбжанэм щрагъэкIуэкIынурэ, къытхуихьым еплъынущ. ЕджакIуэ мащIэ фIэкIа зэмыкIуалIэ школхэм, дауи, мылъкуу яIэрыхьэнури ягъэмэщIэнущи, я Iуэхур нэхъ гугъу хъуну къыщIэкIынщ. Ауэ республикэм ди Президент Къанокъуэ Арсен быдэу дыкъигъэгугъащ зэралъэкIкIэ республикэр еджапIэхэм ядэIэпыкъуну, федеральнэ бюджетым къахуиутIыпщ ахъшэр зыхуримыкъухэм щIыпIэ мылъкум къыхэкIыу зыщIагъэкъуэну. «Дауэ хъуми, еджапIэ зыдэмыт къуажэ диIэнукъым, сыту жыпIэмэ школыр - жылагъуэ щIэныгъэм, щэнхабзэм я лъабжьэщи», - жиIащ абы а IуэхумкIэ зыщыхуэдгъэзам щыгъуэ. КъБР-м и Правительствэм и УнафэщI Ярин Андреи жиIащ егъэджакIуэхэм я хуитыныгъэхэр зыкIи дэкъуза зэрымыхъунур, IэнатIэншэу зы егъэджакIуи къызэрымынэнур. Аращи, зэхъуэкIыныгъэхэм фIы къытхудэкIуэну псори дыщогугъ».

● ДифI догъэлъапIэ

Фи махуэ фIыуэ, цIыкIухэ

Илъэс 45-рэ хъуауэ сабийхэм щIэныгъэ ябгъэделъхьэ биологиемкIэ егъэджакIуэ, зи IэщIагъэм хуэIэижь, жылагъуэм щIыхьрэ пщIэрэ щызиIэ лэжьакIуэ Бейтыгъуэн Эммэ. Апхуэдиз дыдэ хъуауэ ар щолажьэ Бахъсэн дэт курыт школ №4-м.

IУЭХУ къызэрыгуэкIкъым илъэс 45-кIэ зы школым уекIуэлIэну, пщэ дджыжь къэс «Фи махуэ фIыуэ, цIыкIухэ!» жыпIэу уи гъащIэр епхьэкIыну. Апху эдиз зэман лъандэрэ зэпыу имыIэу зыпэрыт IэнатIэр IэщIэужэгъуакъым Бейтыгъуэным икIи гукъыдэж иIэу сыт щыгъуи и лэжьыгъэм пэрохьэ. Ноби аращ: фокIадэм и 1-р абы и дежкIэ махуэшхуэщ, сыту жыпIэмэ абы и гъащIэр и гъэсэнхэрщ. Уеблэмэ кIэлындорым щызэхэзежэ сабий зэрызехьэхэр имылъагъуу и гъащIэр и нэгу къыхущIэгъэхьэркъым.

Эммэ и лэжьыгъэ тхылъым итыр зы сатыр закъуэ хъу тхыгъэщ: «БиологиемкIэ егъэджакIуэу къащтащ. 1962 гъэ, фокIадэм и 1». Сабий мащIэ гъащIэ гъуэгум тригъэува а зэманым къриубыдэу егъэджакIуэ гумызагъэм. Ар Бахъсэн дэт курыт еджапIэ № 4-р къэзыухахэм ноби ягу илъщ. Эммэ теухуауэ абыхэм я гум къэкIыжыр псалъэ гуапэ защIэщ, нэхъыжыфIыр сытым дежи щIэгъэкъуэн, дэIэпыкъуэгъу нэс яхуэхъуу зэрыщытарщ. Абыхэм ящыщ куэдыр иджыри я егъэджакIуэм лъогъуазэ, чэнджэщ щхьэпэхэр абы и деж щагъу эт. Бейтыгъуэным лэжьэн зэрыщIидзэрэ къыщIигъэкIахэм яхэтщ егъэджакIу эхэр, дохутырхэр, юристх эр, щIэныгъэлIхэр, артистхэр, сурэтыщIхэр, нэгъуэщIхэри. НэхъыщхьэрашIи, абы къызэрилъытэмкIэ, псоми псэемыблэжу я IэнатIэр ирахьэкI.

Си гур хэхъуэу къыхэзгъэщыну сыхуейщ Эммэ и гугъуехьхэр гулъытэншэу къызэрымынар. Ар егъэджакIуэ нэхъыжьщ, квалификацэ нэ хъыщхьэ зиIэщ, УФ-м егъэджэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ лэжьакIуэщ. КъищынэмыщIауэ, щIыхь тхылъ зыбжанэ иIэщ.

ЕгъэджакIуэ Iэзэм еджакIуэ цIыкIухэр зэкъуэзыгъэувэф зэчий бгъэдэлъщ, сыт хуэдэ Iуэхури зэгурыIуэрэ зэдэIуэжу сабийхэм ярегъэщIэф. АбыкIэ Эммэ дэIэпыкъуэгъу къэщI цIыкIухэм папщIэ къызэригъэпэщ экскурс зэх уэмыдэхэр. Гъэмахуэ зыгъэпсэхугъуэм абы и гъэсэнхэм я нэгу зыщрагъэужь республикэм и щIыпIэ дахэхэм. Абы яригъэлъэгъуащ ди Шэджэм псыкъелъэхэр, Iуащхьэмах уэ лъапэ, Гу эл Щ хъуантIэхэр, апхуэдэуи Кисловодск, Домбай щIыналъэхэр, нэгъуэщIхэри.

Бейтыгъу эным сехъу эхъуну сыхуейщ иджыри илъэс куэдкIэ сабийхэр иригъаджэу, игъасэу узыншэу лэжьэну, цIыкIух эм яхуиIэ лъагъуныгъэр мыужьыхыу и IэнатIэм пэрытыну.

БЕКЪАЛДЫ Илэ.

КъызэрыгуэкI пэщIэдзэ еджапIэ цIыкIум деж къыщежьэу егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ лэжьыгъэшхуэ щызэфIах курыт еджапIэм нэс. Илъэс 80 хъу апхуэдэ гъуэгуанэ дахэ, щIыхь зыпылъ къикIуащ Аруан куейм хыхьэ Къэхъун къуажэм дэт курыт школ №1-м. Адыгэ хабзэмрэ нэмысымрэ игъащIэ лъандэрэ щытепщэ, гуащIэдэкI лэжьыгъэфIхэмкIэ цIэрыIуэ адыгэ жылэм 1927 гъэм фокIадэм и 1-м къыщызэIуахауэ щытащ щIэныгъэм и лъапсэ япэ еджапIэ цIыкIур. Илъэси 10 дэкIри, къуажэм щаутIыпщащ курыт щIэныгъэ къозыт еджапIэщIэ. Зызыужь, ефIакIуэ, зи щIэблэм къыхэхъуэ зэпыт жылэм 1987 гъэм иджырей мардэхэм къитIасэ теплъэрэ Iэмал гъуэзэджэхэмрэ зиIэ, еджакIуэ 800-м нэс зыщIэхуэ курыт школыщIэ щаухуауэ щытащ.

Шэч лъэпкъ къытстхьэркъым

● Дэ къытхуатх

КЪУАЖЭДЭСХЭР зэрыгушхуэн гъуэгуанэ къикIуащ ди еджапIэм. 1949 гъэм къыщыщIэдзауэ 2007 гъэм нэс абы курыт щIэныгъэ щызрагъэгъуэтащ ныбжьыщIэ 2272-рэ. Абыхэм ящыщу еджакIуэ 21-м дыщэ медалкIэ, еджакIуэ 31-м дыжьын медалкIэ къаухащ. ЩIэныгъэ ярит къудейм къыщымынэу, абы и гъэсэнхэр хуеунэтI гупсысэ дахэрэ дуней еплъыкIэ шэщIарэ яIэу гъащIэ гъуэгум зэрытригъэувэным, я псэм фIэфIу къыхах IэщIагъэхэр зрагъэгъуэтыным. Апхуэдэу Къэхъун курыт школым щеджа ныбжьыщIищэ куэдым я щIэныгъэм щыпащащ IэщIагъэ къозыт еджапIэ зэхуэмыдэхэм. Абыхэм къахэкIащ егъэджакIуэхэр, дохутырхэр, инженерхэр, агрономхэр, экономистхэр, юристхэр, сурэтыщIхэр, джэгуакIуэхэр, нэгъуэщIхэри. Псом я щхьэращи, ди гъэсэнхэм къахэкIащ жылэр, лъэпкъыр, къэралыр зэрыгушхуэ цIыху цIэрыIуэхэр.

ЩIалэгъуалэр хэкупсэу гъэсэным сыт щыгъуи гулъытэшхуэ щыхуащI Къэхъун курыт еджапIэ №1-м. Абы и щIалэхэм дзэ къулыкъур екIуу, щытхъу пылъу ирахьэкI. АбыкIэ щIалэгъуалэм щапхъэ нэс яхуохъу я нэхъыжьыфIхэу, еджапIэри, къуажэри зэрыгушхуэхэу, Хэку зауэшхуэм лIыхъужьыгъэ зэрахьэу хэтахэу Жэмборэ Щэуал, КIэш Хьэту, Берычэт Сэрэбий, Берэздж Iэдил, Къардэн Iэдил, Джэтокъуэ Хьэжмурид, нэгъуэщIхэри. Псом хуэдэжкъым Жэмборэм хэлъа хахуагъэр. Карелие фронтым щызэуа фочауэ Iэзэр щхьэмыгъазэу бий бзаджэм пэщIэтащ, зауэ дамыгъэ лъапIэ зыбжани кърататщ. Абы и лIыхъужьыгъэр уэрэдрэ усэу бэм къахэнащ. Щэуал и цIэр зэрахьэ Нарткъалэ, Къэхъун и уэрамхэм. Хэку щхьэхуитыныгъэм псэемыблэжу щIэзэуа, абы папщIэ зи псэр зыта зауэлIхэм я фэеплъхэр нобэрей ди еджакIуэ цIыкIухэм сакъыу яхъумэ.

ЩIэблэ дахэ къакIэлъыкIуащ ди школыр ехъулIэныгъэкIэ къэзыухахэу икIи лэжьакIуэ цIэрыIуэ хъуахэу Жэмборэхэ Нэшурдинрэ МуIэедрэ, Джэтокъуэ Исмэхьил, Къандэхъу Мухьэрбий, Теувэ Хьанбий сымэ.

Егъэджэныгъэм, узыншагъэр хъумэным, промышленностым, мэкъумэшым, связым, транспортым, хабзэхъумэ IэнатIэхэм, дзэ къулыкъум, щIэныгъэ IуэхущIапIэхэм - псэуныгъэм и лъэныкъуэ дэтхэнэми щIыхьрэ пщIэрэ щаIэу лэжьыгъэ щызэфIах ди гъэсэнхэм. Къэралым, республикэм я ехъулIэныгъэмрэ зыужьыныгъэмрэ хуэунэтIа абыхэм я гуащIэдэкIыр гулъытэншэ хъуакъым: къэрал дамыгъэ лъапIэхэмрэ цIэ лъагэхэмкIэ ягъэпэжащ ди еджапIэр къэзыуха цIыхуи 100-м нэс.

ЩIэныгъэм и лъагапIэхэм нэса и еджакIуэхэм нобэ ирогушхуэ ди школыр. Апхуэдэхэщ, къапщтэмэ, медицинэ щIэныгъэхэм я доктор, профессор, Петровскэ Академием, ИнформатизацэмкIэ Дунейпсо Академием я академик, КъБКъУ-м псантхуэ узыфэхэмкIэ и кафедрэм и унафэщI Лъэпщокъуэ МутIалиб, химие щIэныгъэхэм я доктор, профессор, КъБКъУ-м и «Марс» конструктор IуэхущIапIэм и унафэщI-конструктор нэхъыщхьэ Берычэт Iэниуар, филологие щIэныгъэхэм я доктор, профессор, КъБКъУ-м IэщIагъэлIхэм я щIэныгъэм щыхагъахъуэ и центрым и унафэщI Къэмбэчокъуэ Iэдэм. ЩIэныгъэ зэхуэмыдэхэм я кандидат хъуащ ди гъэсэнхэу Шыд Лиуан, УанащIэ Хьэутий, Къарэхэ ХьэзрэIилрэ Сэрэбийрэ, Кабалоев Юрэ, Езий Хьэбалэ, Ермэлы Елизаветэ, Жэмыхъуэхэ Руслан, Суфян, Сражудин сымэ, Къэмбэчокъуэ Аскърбий, Лъэпщокъуэ БетIал, Хъуэст Риммэ, Чыл Маргаритэ, Шэвлокъуэ Валентин сымэ, нэгъуэщIхэри.

Дзэм къулыкъу щыщIэным къыхэжаныкIри полковник, подполковник цIэхэр къыхуагъэфэщащ ди щIалэхэу ХьэбытIэжь Тобий, Къардэн Анатолэ, Ежыбокъуэ Уалэдин, Понэж Къылышбий, Жэмборэ Наурбий, Хъуэстхэ Къанщобийрэ Леонидрэ, Шыбзыхъуэ Альберд сымэ.

Ди еджакIуэ цIыкIухэр жыджэру хэтщ районпсо, республикэпсо зэхьэзэхуэхэм, абыхэм пашэныгъэхэр щаубыду. Абыхэм яхэтщ спортым, гъуазджэм дихьэххэри. Апхуэдэу дэ дыщогуфIыкI 8-нэ классым и еджакIуэ Къарэ Залым и ехъулIэныгъэхэм. Иджыблагъэ щIалэщIэр «Вагъуэбэ щIалэгъуалэ» дунейпсо зэпеуэу «Орленок» урысейпсо щIалэгъуалэ центрым щекIуэкIам уэрэд жыIэнымкIэ текIуэныгъэ къыщихьащ икIи телевиденэм и Езанэ каналым и саугъэт хэхар къыхуагъэфэщащ.

ЗэрыфщIэщи, ехъулIэныгъэхэм я нэхъ мащIэри езыр-езыру къэхъуркъым. Дэтхэнэ зы лъэбакъуэщIэри гъэнщIащ ди егъэджакIуэхэм я гуащIэкIэ, къарукIэ, зэфIэкIкIэ, щIэныгъэ куукIэ. Ди IуэхущIапIэм щекIуэкI егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ лэжьыгъэшхуэм и лъабжьэр ягъэтIылъащ УФ-м цIыхухэм щIэныгъэ егъэгъуэтыным и отличникхэу Жэмборэхэ Iэуесрэ Хьэжмуратрэ, Хъуэст Хьэжкэл, Шыбзыхъуэхэ Чэзибанрэ Хьэсэнрэ, Езий Юрэ сымэ, нэгъуэщIхэми. Абыхэм я Iуэху зехьэкIэр я гъуазэу лэжьыгъэм пэрытщ ди егъэджакIуэхэр. «Егъэджэныгъэ» лъэпкъ проектым ипкъ иткIэ сом мини 100-кIэ ягъэпэжащ есэпымкIэ ди егъэджакIуэ Мамыхъу СэIихьэт, ди гъэсэну щытахэу, иджы егъэджакIуэ гумызагъэхэу Шыбзыхъуэхэ Хъамсинэрэ ФатIимэрэ. Апхуэдэ текIуэныгъэхэм еджапIэм и пщIэр нэхъри яIэт.

Тэмэму зэфIэха хъуа Iуэхугъуэхэм къадэкIуэу, иджыри зыхунэмыса лэжьыгъэ куэди щыIэщ ди школым. Ауэ зэдэууэ лажьэ, зи къаруи зэфIэкIи щIэблэм щIэныгъэ куу егъэгъуэтыным хуэзыгъэпса ди егъэджакIуэ гупым ехъулIэныгъэм и лъагапIэщIэхэр къызэрытщтэфынум шэч къытетхьэркъым.

ДЖЭТОКЪУЭ Юрэ, *УФ-м цIыхухэм щIэныгъэ егъэгъуэтынымкIэ и отличник, егъэджэныгъэ лэжьыгъэм и ветеран.* *Къэхъун къуажэ.*

Бэшорэм псапэ ещIэ

Лэжьыгъэмрэ адыгагъэмрэ зэщIыгъумэ, IэужьыфI кърокIуэ. «Дэ ди къалэнщ Къэбэрдей-Балъкъэрым и щIэблэр пэрытхэм, щIэныгъэ куу зыбгъэдэлъхэм ящыщ тщIыну», - къыхигъэщащ КъБР-м и Президент Къанокъуэ Арсен «Егъэджэныгъэ» лъэпкъ проектым теухуа и псалъэм. Абы и гуащIэ зэрыхилъхьэным хущIокъу Къэрэгъэш къуажэм щыщ Бэшорэ Хьэмид.

ХАБЗЭ яхуэхъуауэ, Бэшорэ Хьэмид и уней IуэхущIапIэр гъэ къэс школ щIэтIысхьэжыгъуэм ирихьэлIэу унагъуэшхуэхэм, зи Iуэху хуэмыщIахэм ядоIэпыкъу я бынхэр гъэ еджэгъуэм хуэгъэхьэзырынымкIэ. Тхьэмахуэ блэкIам апхуэдэ псапащIэ Iуэху Къэрэгъэш щекIуэкIащ. ЕджакIуэхэр зыхуеину псори къызыхуэтыншэу щызэхуэхьэса комплект зырыз цIыкIухэм тыгъэ яхуищIащ Бэшорэм.

ПсапащIэ Iуэхугъуэр къызэIуихащ икIи иригъэкIуэкIащ къуажэ школым и унафэщI Цагъуэ Николай. Абы къыхигъэщащ еджакIуэхэм я мызакъуэу, школыр зэгъэпэщыжынымкIэ, зыхуэныкъуэ хьэпшыпхэмкIэ къызэгъэпэщынымкIэ Бэшорэр гъэ къэс къазэрыдэIэпыкъур.

Ягуми я псэми къабгъэдэкIыу Бэшорэ Хьэмид ехъуэхъуащ адэ-анэхэм я къуажэ советым и унафэщI Жылокъуэ Тамарэ, адэ-анэхэм ящыщу Мыд ФатIимэрэ Жылокъуэ Светланэрэ. Къэрэгъэш школым и унафэщIым и къуэдзэ ДыщэкI Джульеттэ абы ехъуэхъуащ зи закъуэу псэухэмрэ ветеранхэмрэ дэIэпыкъуэгъу зэрахуэхъум папщIи. ПсапащIэ Iуэхур зытеухуа еджакIуэхэм ящыщу 10-нэ классым щIэс ПщыукI Марьяни фIыщIэ ищIу къэпсэлъащ.

ЕджакIуэ цIыкIухэм хуагуэша школ хьэпшыпхэм нэхърэ нэхъ лъапIэжщ мы Iуэху дахэм гъэсэныгъэ мыхьэнэуэ иIэр. ЩIэблэм я гум абы гуапагъэ, дахагъэ, IэфIыгъэ къыщигъэушащ, «сэри апхуэдэ хузэфIэкIащэрэт» жригъэIащ.

Афэрым, Хьэмид, уи мурад дахэхэр Тхьэм къуигъэхъулIэ!

ВЫНДЫЖЬ Марие. *Прохладнэ район.*

НАЛШЫК
Ди къалащхьэмрэ къалэдэсхэмрэ ятеухуауэ
№6 (30) 2007 гъэ

Нэгузыужьу, гъэщIэгъуэну

Къэбэрдей-Балъкъэрыр Урысейм зэрыгухьэрэ илъэс 450-рэ зэрырикъум и щIыхькIэ республикэм щызэхэтыну махуэшхуэхэм епIэщIэкIыу псоми зыхуагъэхьэзыр. Дауи, абы ехьэлIа лэжьыгъэ нэхъыбэ дыдэ зи пщэ къыдэхуэр Налшык къалэрщ. Махуэшхуэхэр къалащхьэм зэрыщекIуэкIынум тхутопсэлъыхь абы и администрацэм и пресс-секретарь Толасовэ Екатеринэ.

●Ди псэлъэгъухэр

- ЗИ ГУГЪУ пщIы махуэшх уэхэр республикэми къалащхьэми гъэщIэгъуэну, нэгузыужьу, к упщIафIэу зэхэлъхьа программэхэм япкъ иткIэ екIуэкIынущ. Мыхьэнэшхуэ зиIэ гуфIэгъуэ зэхыхьэхэм я нэхъыбэр щекIуэкIынур Налшыкщ. Апхуэдэу, фокIадэм и 8-м ХьэтIохъущокъуэ хадэм щызэхэтынущ «Къэбэрдей-Балъкъэрыр - нобэ» фIэщыгъэцIэр зиIэ мэкъумэш-промышленнэ гъэлъэгъуэныгъэ ин. «Спартак» стадионым и утыкушхуэм театр зыкъэгъэлъэгъуэныгъэ хьэлэмэт щекIуэкIынущ. «ИгъащIэкIэ Урысейм дыщIыгъуу» жыхуиIэ а нэгузыужьым республикэм и театр гъуазджэм и IэщIагъэлI нэхъыфIхэр хэтынущ. Лэжьыгъэшхуэ зрахьэлIа, зэрагъэпэщыжа Театр щхъу антIэр а махуэм къызэIуахыжынущ. Абы зыкъыщагъэлъэгъуэнущ артист ныбжьыщIэхэм.

«ИгъащIэкIэ Урысейм дригъу сэу» фэеплъ сыным удз гъэгъахэр тралъхьэнущ махуэшхуэм кърихьэлIахэм. Абы хэтынущ Къэбэрдей-Балъкъэрым и унафэщIхэр, республикэм и цIыху цIэрыIуэхэр, хьэщIэ лъапIэхэр. Абы иужькIэ Музыкэ театрым щызэхэтынущ махуэшхуэм теухуа гуфIэгъуэ зэхуэс.

Къалэм и уэрам нэхъыщхьэхэм щIалэгъуалэ гупхэр ирикIуэнущ.

ФокIадэм и 9-м Налшык ипподромым щекIуэкIынущ щэнхабзэ-спорт махуэшхуэ. «Дыщэ нал» - аращ мы зэхуэсым фIэтщар. Абы къыдэкIуэу Абхъазым и утым щекIуэкIынущ гуфIэгъуэхэм къыпызыщэ «Нартхэм я щIыналъэ» концертышхуэр. Абы хэтынущ республикэм и къалэхэм, куейхэм я творческэ гупхэр икIи лъэпкъ IуэрыIуатэр зи лъабжьэу ягъэхьэзыра теплъэгъуэхэр ягъэлъэгъуэнущ.

Къэбэрдей-Балъкъэрыр Урысейм зэрыгухьэрэ илъэс 400 зэрырикъуам и цIэкIэ щыIэ утым лъэпкъ щэнхабзэм и артистхэм концерт щатынущ. Апхуэдэуи ЗэгурыIуэныгъэм и утым «Урысей, дызэгъусэу, дызэкъ уэту дыхуокIуэ пщэдейрей махуэм» гуфIэгъуэ щIалэгъуалэ зыхуэсышхуэ щекIуэкIынущ. Зыкъагъэлъэгъ уэнущ Урысей Федерацэм, Къэбэрдей-Балъкъэрым я уэрэджыIакIуэ цIэрыIуэхэм. Москва кIуэну творческэ гупхэми жыджэру зыхуагъэхьэзыр абы щекIуэкIыну щэнхабзэ махуэхэм.

Зытхыжар **ТЭРЧ Нэхунэщ.**

●ФIыщIэ

Зэман кIэщIым къриубыдэу

ШыщхьэIу мазэр еджакIуэ цIыкIухэм я зыгъэпсэхугъуэр щиух зэманщ. КъаруущIэ зрагъэгъуэтарэ еджэным я нэ къыхуикIыу ахэр екIуэлIэжынущ я еджапIэ-гъэсапIэхэм. ЗэрыгурыIуэгъуэщи, сыт и лъэныкъуэкIи гъэ еджэгъуэщIэм хуэхьэзыру цIыкIухэр къегъэблэгъэжыныр жэуаплыныгъэ зыпылъ Iуэхугъуэщ. «Адыгэ псалъэм» нэттх мы фIыщIэ письмори зытеухуар апхуэдэ лэжьыгъэхэмкIэ сэбэпышхуэ къытхуэхъуа Налшык къалэ администрацэм и унафэщIырщ.

НАЛШЫК дэт пэщIэдзэ еджапIэ-сабий сад №55-м и куэбжэпэр илъэс зыбжанэ хъуауэ куэншыб зэхуэхьэсыпIэщ: абдеж ягъэувагъ пхъэнкIийхэр зракIутэ гъущI ашыкышхуэхэм хуэдэ. Ди IуэхущIапIэм и хъуреягъыр къат куэду зэтет псэупIэ унэхэщи, абыхэм щыпсэухэм куэншыб идзыпIэу яIэр ди бжэIупэращ. Ари хъунт, куэншыбыр щIэх-щIэхыурэ Iуашу щытамэ. АрщхьэкIэ, дэнэт... Ашыкхэм ярыз хъуарэ къещэщэхыжауэ, хьэ хьэулейхэр хэшхыхьрэ бадзэр епщIауэ екIуэкIащ илъэс бжыгъэкIэ.

Мыпхуэдэ гукъеуэ дызэриIэмкIэ хъыбар зэдмыгъэщIарэ дыздэмытхарэ щымыIэжми ярейт, арщхьэкIэ ди лъэIур зэи зыми къыфIэIуэхуакъым. Иджыблагъэ апхуэдэ тхыгъэкIэ зыхуэдгъэзат Налшык къалэ администрацэм и Iэтащхьэ къалэныр зыгъэзащIэ Хьэмгъуокъу Леонид. Ди тхыгъэм гупсэхуу щыгъуазэ зищIащ Хьэмгъуокъум икIи зэман кIэщIым къриубыдэу щытыкIэр тэрэз ищIыжащ. Абы и унафэкIэ а махуэ дыдэм куэншыбылъэр Iуахащ, ар здэщыта щIыпIэри ягъэкъэбзэжащ. КъинэмыщIауэ, унафэщIым дыкъигъэгугъащ абдежым удз гъэгъа щагъэкIыну клумбэ дахэ щытхуригъэщIыну.

Ди сабий IуэхущIапIэм щылажьэхэм, абы къекIуалIэ цIыкIухэм, адэанэхэм къабгъэдэкIыу фIыщIэ ин худощI Хьэмгъуокъу Леонид. Къалэдэсхэм я гукъеуэхэр апхуэдэу зэхэзыщIыкI, зи зэфIэкIхэр къалащхьэм и зыужьыныгъэм хуэгъэпсауэ лажьэ унафэщI гумызагъэр узыншэу куэдрэ Тхьэм игъэпсэу.

ИНДРИС Еленэ,
пэщIэдзэ еджапIэ-сабий сад №55-м и унафэщI.

Къэбэрдей-Балъкъэрыр Урысейм зэрыгухьэрэ илъэс 450-рэ зэрырикъум теухуауэ упщIэ зыбжанэкIэ иджыблагъэ захуэзгъэзащ налшыкдэс щIалэгъуалэм. Абыхэм я жэуапхэр нобэ фи пащхьэ изолъхьэ. Ди жагъуэ зэрыхъущи, ди лъэпкъым и тхыдэ блэкIам тэмэму щыгъуазэр мащIэ дыдэщ.

Зи блэкIар зымыщIэжыр тхьэмыщкIэщ

ПхытIыкI Замирэ *(епщыкIузанэ классым и еджакIуэ)*: - Къэбэрдей-Балъкъэрыр Урысей къэралыгъуэм щIыгухьам щхьэусыгъуэ хуэхъуа Iуэхугъуэхэм ятеухуа дерс куэд диIащ гъэ еджэгъуэ блэкIам. СызэригугъэжымкIэ, адыгэ тхакIуэ Лохвицкэм и «Уафэгъуагъуэ макъ» тхыгъэр абы теухуащ.

Иуан Алик *(епщIанэ классым щоджэ)*: - Ди школым зи гугъу пщIы Iуэхугъуэхэм теухуа лэжьыгъэ гуэрхэр щызэрахьэ, ауэ сэ абыхэм сыхэткъым. КъызгуроIуэ махуэшхуэхэм апхуэдизу зыщIыхуэдгъэхьэзырар. ТхыдэмкIэ дезыгъэджам Къэбэрдеймрэ Урысеймрэ я зэпыщIэныгъэхэм теухуа куэдым дыщIигъэдэIуащ. Псоми щIэдзапIэ яхуэхъуар урыс пащтыхьым адыгэ пщащэ Марие и щхьэгъусэ хъуауэ зэрыщытарауэ си гугъэщ.

Васильев Игорь *(сатум и лэжьакIуэ)*: - Махуэшхуэр къыщежьамрэ абы щхьэусыгъуэ хуэхъуамрэ фIыуэ сыщыгъуазэщ, ауэ мы Iуэхум къызгурымыIуэ куэд хэлъщ. Псалъэм папщIэ, дэ тхуэдэ республикэ хуэмыщIам а махуэхэр екIуу зэфIихын папщIэ мылъкушхуэ тригъэкIуэдэн хуейщ. МынэхъыфIу пIэрэт нэхъ зэщIэкъуауэ ебгъэкIуэкIрэ адрей ахъшэр хуэныкъуэхэмрэ тхьэмыщкIэхэмрэ я зэIузэпэщыгъэм яхуэутIыпщамэ? Лажьэ зимыIэ утхэр щIэрыщIэу кърашIыкIыж. Дахэр нэхъ дахэж щыпщIыну зэманым дэ иджыри дынэсакъым. Сэ гуфIэгъуэр си жагъуэу аракъым, ауэ «уи тепIэн еплъи, уи лъэр укъуэдий» жыхуаIэм и чэзу дыдэщ.

Махиевэ Аринэ *(епщыкIузанэ классым и еджакIуэ)*: - «Ди школым а тхыдэм хьарзынэу щыгъуазэ дыщыхуащIащ. Темрыкъуэ ипхъу Гуащэнэ езыр фIэфIу урысыпщым иратакъым, Иуанми хъыджэбзыр илъагъухха тэкъым щыхуашам щыгъуэ. Мыр псори политикэ Iуэхущ. Къэбэрдейр игъащIэми гугъуехьхэмыкIыу ягъэпсэуащ и гъунэгъухэм. Жэщ-махуэ зимыIэу зи щIыналъэр зыхъумэжу къекIуэкIа хэкум къыщхьэщыжакIуэ лъэщ хуэхъуащ Урысейр. Ауэ сэ мыбы къызгурымыIуэ гуэрхэр хэлъщ. Тхыдэм къызэригъэлъагъуэмкIэ, балъкъэрхэр Урысейм гухьакъым илъэс 450-рэ и пэкIэ. Ар къыщыхъуар нэхъ иужьыIуэкIэщ. АтIэ абы щыгъуэ дыгухьауэ сыт щIыжаIэр? Си гугъэмкIэ ар тэмэмкъым.

Ныбэжь Заур *(КъБКъУ-м и студент)*: - Зэгухьэныгъэм щхьэусыгъуэ хуэхъуари абы иIа мурадхэри гурыIуэгъуэщ. ЛъэныкъуитIым я дежкIи мыхьэнэ пыухыкIа иIэт а зэгурыIуэныгъэм. Дэ фIыуэ дыщыгъуазэу дыщытын хуейщ ди лъэпкъым и тхыдэм, сыту жыпIэмэ зи блэкIар зымыщIэж цIыхур тхьэмыщкIэщ.

ПсалъэмакъыррезыгъэкIуэкIар **ХЬЭГУАРЭ Ланэщ.**

●Тхыдэм и лъагъуэхэмкIэ

Узэкъуэтмэ, улъэщщ

ФокIадэм и пэщIэдзэхэм ди республикэм щыдгъэлъэпIэну махуэшхуэхэм къежьапIэ яхуэхъуауэ щыта тхыдэ напэкIуэцIхэр иджыри зэ щIапщытыкIыж мы зэманым. Абыхэм тедгъэпсэлъыхьыну дэ зыхуэдгъэзащ тхыдэ щIэныгъэхэм я доктор, Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр институтым и унафэщI, щIэныгъэлI цIэрыIуэ Бгъэжьнокъуэ Барэсбий.

- Барэсбий, иджыпсту куэд ятх икIи жаIэ мы дызытепсэлъыхьынум теухуауэ. Апхуэдэу щытми, ди «Налшык» къыдэкIыгъуэр щIэзыджыкIхэм папщIэ уи гупсысэхэр къэпIуэтэну дыхуейт. Сыт хуэдэ Iуэхугъуэхэм къыхэкIауэ къэплъытэрэ а зэгухьэныгъэр къэунэхуныр?

- Къэбэрдейр Урысей къэралыгъуэм зэрыгухьар ди лъэпкъ тхыдэм и дежкIэ мыхьэнэ нэ хъ ин зиIэ Iуэхугъуэхэм ящыщщ. ЩIыналъитIми я зэхуэдэ фейдэ зыхэлъ союзт ар. А зэманым Урысей къэралым и пащтыхьу щыта Иуан ЕплIанэм и мурадт Къэбэрдейр къигъэсэбэпу Астрэхъан хъаныр, нэгъуэщI къыпэщIэува къарухэр хигъэщIэну. Къэбэрдейри дэIэпыкъуэгъу хуэныкъуэт. Абы и пщы Идар Темрыкъуэ егупсысырт Урысейр ныбжьэгъу къищIрэ ар къыщхьэщыжмэ, Къэбэрдейм къебгъэрыкIуэу гъэр зыщIыну хущIэкъу Кърымым, Тыркум, Персым япэщIэтыфыну. ИтIанэ, Темрыкъуэ и мурадт XV лIэщIыгъуэм Дыщэ Ордам къыIэщIэкIыжа щIыхэм къехъуапсэ, зыубыдыну хэт къумыкъухэри иригъэкIуэтыну.

1552 - 1561 гъэ хэм Къэбэрдеймрэ Москварэ я лIыкIуэхэр зэман-зэманкIэ зэхуозэ, я зэхущытыкIэнум топсэлъыхь. Псом хуэмыдэу, зэрызахъумэжынумрэ, зауэ къэ хъумэ, зэрызэдэIэпыкъуну щIыкIэмрэ йогупсыс.

1557 гъэм, тхыдэм къызэригъэлъагъуэмкIэ, урысыдзэм къулыкъу щащIэну Москва макIуэ адыгэпщхэу Къанокъуэ Мэшыкъуэрэ Къансаукъуэ Сибэчрэ, зауэлI минитху я гъусэу. Абыхэм яужь иту Иуан пащтыхьым деж макIуэ Идар Темрыкъуэ къыбгъэдэкI лIыкIуэхэр, я зэхущытыкIэнум нэ хъ убзыхуауэ тепсэлъыхьыну, унафэ пыухыкIа ящIыну. Мис ар и къежьапIэщ зэгухьэныгъэм. ЛъэныкъуитIым псалъэ быдэ зэрат къуэшым хуэдэу зэбгъэдэтыну, зэдэIэпыкъужу зэдэпсэуну, бийм зэгъусэу пэщIэувэну.

Иджы Уэсмэн империери, Кърым хъаныгъуэри, Польшэри, Персри, нэгъуэщI къэралхэри Урысейми Къэбэрдейми я дежкIэ апхуэдэу шынагъуэжтэкъым - узыкъуэтмэ, улъэщщ.

- КъэралитIым яIа мурадхэр занщIэу къайхъулIа?

- Апхуэдэ Iуэ хушхуэ, Iуэху мытынш занщIэу къохъулIэрэ? Илъэс зыбжанэ ихьащ унафэр гъащIэм хапщэным. Ауэ, куэдрэ зрамылъэфыхьу, зауэ IуэхумкIэ зэдэIэпыкъун щIадзащ. Псалъэм папщIэ, 1555 гъэм пщы Шереметьев Иван и дзэр ираутIыпщащ, кърым хъаныр Къэбэрдейм къебгъэрыкIуэрти. Абы хэкIуэдащ урыс зауэлI куэд, ауэ Къэбэрдейр кърым хъаным и дзэм ирагъэфыщIакъым.

Езы адыгэхэми ялъэкI къагъэнакъым. 1558 гъэм урысхэмрэ Ливоным и дзэмрэ щызэзэуам, лIыхъужыгъэ зэрахьэу абы хэтащ. Нэмыцэ къалэ Мильтенэ, псом хуэмыдэу Дерпт къалэм къыдэкI шуу дзэхэр хьэлэч зэтращIащ, иужьым къащтащ. Урысеймрэ Къэбэрдеймрэ я зэныбжьэгъугъэм хэхъуэрт. КъинэмыщIауэ, Темрыкъуэ гужьгъэжь къыхузиIэ адыгэпщхэри я пIэ иригъэувэжыну хэтащ.

- Урыс быдапIэхэр Къэбэрдейм къыщыщыунэхуар Екатеринэ ЕтIуанэм и тетыгъуэрауэ жаIэ нэхъыбэм. Ар пэж?

- Ар жызыIэхэр тхыдэм кууу э хэзымыщIыкIхэрщ.

Темрыкъуэ и мурадт Шэрджэс къэралыгъуэшхуэ иухуэну. Ар зригъэхъулIэн папщIэ, 1566 гъэм абы Москва Иуан пащтыхьым и къуэр хуегъакIуэ Сунжэ псыр Тэрч щыхэлъадэм деж быдапIэ щиухуэну иригъэлъэIуну. ПсынщIэ дыдэуи, мазэ бжыгъэм къриубыдэу, быдапIэр яухуащ. Абы Тыркур егъэлеяуэ къигъэгубжьауэ щытащ.

Темрыкъуэ дунейм ехыжа нэужь, Иуан пащтыхьым иджыри зы быдапIэ еухуэ, Тимянки псым и сэмэгурабгъумкIэ, километр куэдкIэ Каспий тенджызым пэмыжыжьэу. А быдапIэм щыIащ урысыдзэ зауэлI 2000-м нэс хъу. Апхуэдэ щIыкIэкIэ, Къэбэрдеймрэ Шэрджэсымрэ я тепщэныгъэр нэхъ лъэщ ищIащ.

- Щыхухэр я теплъэкIэ зэрызэмыщхьым хуэдэу, я гупсысэкIэри зэщхькъым. Темрыкъуэ ипхъу Гуащэнэ щымыIэххауэ жызыIэ урохьэлIэ...

- Урыс пащтыхь Иуан ЕплIанэм и япэ щхьэгъусэ Анастасие лIа нэужь, Гуащэнэрэ Иуанрэ 1561 гъэм шыщхьэIум и 21-м я хьэгъуэлIыгъуэр зэхэтащ. Гуащэнэ и дахагъэмрэ и хьэл-щэн екIумрэ пащтыхьыр занщIэу дихьэхат. НысащIэм чристэн диныр къищтэри, Марие фIащащ. ХьэгъуэлIыгъуэ нэужьым, ятх тхыдэм и щIэныгъэлIхэу Морозхэ Борисрэ Людмилэрэ, Иуан Марие и адэ-анэм саугъэт лъапIэхэр яхурегъэхь, я пхъур апхуэдэу фIыуэ зэрагъэсам папщIэ.

Марие и Iущагъым пащтыхьым гу лъимытэу къэнакъым. ЩIалэ дыдэми (Гуащэнэ илъэс 16 хъууэ арат) и щхьэгъусэм дзыхь хуищIащ Урысей къэралыгъуэм и дамыгъэр зытет дыщэ Iэлъыныр икIи Марие хуитт къэрал мыхъурыр къигъэсэбэпыну. Iэлъыныр иджы Москва щыIэ тхыдэ музейм щIэлъщ.

Ди псалъэмакъым и кIэуххыу жысIэнщи, Къэбэрдейр езыр арэзыуэ Урысейм зэрыгухьар ехъулIэныгъэшхуэт ди Хэкум и дежкIэ. Апхуэдэ къэралышхуэм, къэрал лъэщым гъусэ ухуэхъуну куэд и уасэт а лъэхъэнэм. Зэкъуэтыныгъэр къару лъэщщ.

Епсэлъар **КЪАРДЭН Маринэщ.**



КъБР-р Урысейм зэрыгухьэрэ илъэс 450-рэ щрикъу махуэшхуэм Налшык къалэ и дэгъэнэ щыпIэми еужьэрэкIыу зыщызхуагъэкъэзэр. Ар щынэрылъагъущ мы сурэтым. *Тезыхар* **МАМИЙ Русланщ.**

●Пщэдей Урысей гвардием и махуэщ

Сыт щыгъуи япэ иту

Мы махуэшхуэр УФ-м и Президентым 2000 гъэм дыгъэгъазэм и 22-м къыдигъэкIа унафэм ипкъ иткIэ ягъэуващ икIи абы къызэрыщыгъэлъэгъуамкIэ, хуэгъэзащ «дзэм къыдекIуэкI хабзэхэр зэфIэгъэувэжыным, дзэ къулыкъум и пщIэр къэIэтыным».

ПАСЭ ЗЭМАНЫМ тетыгъуэр зыIэщIэлъхэм нэхъ зауэлI хахуэхэр хагъэхьэрт езыхэр зыхъумэ гупхэм. Ауэрэ италья-ныбзэм щыщ «гарде» псалъэр бзэ куэдым хыхьащ. Арат зэреджэр зауэлI нэхъыфIхэр зыхэт гупхэм. Япэ гвардие полкыр 1553 гъэм къызэригъэпэщащ Франджым и пащтыхь Людовик ЕпщыкIущанэм. Наполеон иIащ псори зэхэту цIыху мин 52-рэ хъу апхуэдэ полкхэр.

Урысейм мы хабзэр щезыгъэжьар урыс пащтыхь Петр Езанэрщ. 1685 гъэм абы Москва и гъунэгъу Преображенскэ, Семеновскэ къуажэхэм апхуэдэ полкитI къыщызэригъэпэщащ. Преображенскэ полкым и унафэщIыр полковник цIэр зезыхьэ езы пащтыхьырт.

Урысей гвардием хагъэхьэр лIакъуэлIэшхэрт. Абы хэтхэм зауэлI къызэрыгуэкIхэм я пащхьэм ефIэкIыныгъэ гуэрхэр щаIэт.

Октябрь революцэр текIуа иужь, Урысейм дзэ иIэтэкъыми, епIэщIэкIыу Гвардие плъыжь къызэрагъэпэщащ. Абы хэтахэрщ 1918 гъэм Нарвэрэ Псковрэ я деж Петроград къыхуеIэ нэмыцэ дзэхэр щызэхэзыкъутар.

Ауэ гвардиер хуабжьу цIэрыIуэ щыхъуар Хэку зауэшхуэм и лъэхъэнэрщ.

Къаруушхуэ зыбгъэдэлъ бийр псынщIэ дыдэу ди къэралым и къалащхьэм къыхуэкIуэрт.

Дзэ Плъыжьым нэмыцэ фашистхэм удынышхуэ яридзырт. Псом хуэмыдэу гуащIэу щытащ 1941 гъэм и шыщхьэIум - фокIадэм Смоленск и гъунэгъуу щекIуэкIа зэхэуэр. Фашистхэр къызэрыщызэтрагъэувыIам и мызакъуэу, ди зауэлIхэм бийр Ельня и деж щрагъэкIуэтащ. 24-нэ армэм нэмыцэ дивизиеу блы зэхикъутащ. Псом хуэмыдэу къыхэжанакIащ 100-нэ, 127-нэ, 153-нэ, 151-нэ фочауэ дивизэхэр. Ар гулъытэншэу къэнакъым. Абы игъэгушхуа къэрал Iэтащхьэхэм къаIэтащ Дзэ Плъыжьым гвардиер къыщыгъэщIэрэщIэжыным и Iуэхур. ФокIадэм и 18-м Сталин Иосиф Iэ тридзащ зи гугъу тщIа дивизэхэм «гвардие» цIэр яфIэщыным теухуа унафэм.

Ар лъабжьэ яхуэхъуащ Совет гвардиехэм. ИужькIэ апхуэдэ щIыхь хуагъэфащэу хуежьащ бригадэхэм, корпусхэм, армэхэм, уеблэмэ кхъухьхэм.

Мис апхуэдэщ «гвардие» цIэм и тхыдэр.

ЦЕКЪУ ПIатI.

● Футбол

ФокIадэм екIуэкIыну зэIущIэхэр

Премьер-лигэ

ТIощIрэ ещанэ джэгугъуэ

ФокIадэм и 1-м
(щэбэт)
«Сатурн» (Мэзкуу область) - «Химки» (Химки)
«Динамо» (Мэзкуу) - «Томь» (Томск)
«Амкар» (Пермь) - «Рубин» (Къэзан)
«Луч-Энергия» (Владивосток) - «Крылья Советов» (Самарэ)

ФокIадэм и 2-м
(тхьэмахуэ)
«Ростов» (Дон Iус Ростов) - «Локомотив» (Мэзкуу)
«Спартак» (Мэзкуу) - ЦСКА (Мэзкуу)
«Зенит» (Санкт-Петербург) - «Кубань» (Краснодар)

Европэм и чемпионатым и кIэух зэпеуэм хэтынухэр къызэрыхах зэIущIэ

ФокIадэм и 8-м
(щэбэт)
Урысей Федерацэ - Македоние

ФокIадэм и 12-м
(бэрэжьей)
Инджылыз - Урысей Федерацэ

Урысей Федерацэм и кубок. Финалым и 1/4-нэ Iыхьэ

ФокIадэм и 16-м
(щэбэт)
«Амкар» - «Москва»
«Урал» (Екатеринбург) - «Сатурн»

Чемпионхэм я лигэ. Гуп зэхьэзэхуэ. Япэ зэIущIэ

ФокIадэм и 18 - 19-м
(гъубж - бэрэжьей)

УЕФА-м и кубок. Япэ Iыхьэ. Япэ зэIущIэ

ФокIадэм и 20-м
(махуэку)

Премьер-лигэ

ТIощIрэ еплIанэ джэгугъуэ

ФокIадэм и 21-м
(щэбэт)
«Химки» - «Ростов»

ФокIадэм и 22-м
(щэбэт)
«Луч-Энергия» - «Кубань»
«Спартак-Налшык» - «Сатурн»
«Москва» - «Динамо»

ФокIадэм и 23-м
(тхьэмахуэ)
«Крылья Советов» - «Томь»
«Рубин» - «Зенит»
ЦСКА - «Амкар»
«Локомотив» - «Спартак»

ФокIадэм и 26-м
(бэрэжьей)
«Рубин» - «Спартак-Налшык»
(епщыкIуиянэ джэгугъуэм щыщщ)

ТIощIрэ етхуанэ джэгугъуэ

ФокIадэм и 29-м
(щэбэт)
«Спартак» - «Химки»
«Амкар» - «Локомотив»
«Зенит» - ЦСКА
«Луч-Энергия» - «Рубин»

ФокIадэм и 30-м
(тхьэмахуэ)
«Сатурн» - «Москва»
«Ростов» - «Спартак-Налшык»
«Динамо» - «Крылья Советов»
«Томь» - «Кубань»

ЕплIанэм нэс заIэт

«Москва-Д» (Мэзкуу) - «Спартак-Налшык-Д» (Налшык) - 2:3 (1:2). Мэзкуу. «Крылья Советов» стадион. ШыщхьэIум и 30-м. Щыхуи 150-рэ еплъащ.

Судьяр Каюмов (Мэзкуу).

«Москва-Д»: Гаврилов, Сухов, Пономарев, Шустиков, Шубин, Коробов (Полуяхтов, 66), Варакин (Ланцов, 65), Поярков, Рылов, Есиков, Голубов.

«Спартак-Налшык-Д»: Сидельников (Щоджэн, 80), Васин, Кисенков (ДыщэкI, 63), Шумейкэ (Бэрэгъун, 67), Добре (Соблыр, 77), Костенкэ, Балэ, Альварэ, Джэтэрывэ (Степанов, 59), Быдэ (Гуэщокъуэ, 72), Узденов (ДзыхьмыщI, 54).

Топхэр дагъэкIащ: Голубов, 22 (1:0). Шумейкэ, 24 (1:1). Узденов, 31 (1:2). Балэм, 47 (1:3). Пономарев, 90 (2:3).

Дагъуэ къыхуащIащ: Шустиков, Кисенков, Степанов.

ПРЕМЬЕР-ЛИГЭМ щыджэгу командэхэм я дублерхэм я зэхьэзэхуэм ипкъ иткIэ, махуэкум «Спартак-Налшык-Д»-р Мэзкуу щыIущIащ «Москва-Д»-м. ЗэIущIэр хэгъэрейхэм жыджэру щIадзащ икIи щIэх-щIэхыурэ налшыкдэсхэм я штрафноим джэгур къагъэIэпхъуэн яхуэзэфIэкIырт. Апхуэдэ ебгъэрыкIуэныгъэхэм ящыщ зыр Голубовым Iэзэу къигъэсэбэпащ икIи мэзкуудэсхэр япэ иригъэщащ.

АрщхьэкIэ Гъубж Вячеслав и гъэсэнхэм къикIуэтын мурад яIэтэкъым. Бжыгъэр къызэрызэIуахрэ дакъикъэ зыбжанэ фIэкIа дэмыкIауэ Шумейкэ ар зэхуэдэ ищIыжащ. ПсынщIэу къыхудагъэкIыжа топым «Москва-Д»-р игъэундэрэщхъуат. Арати, налшыкдэсхэм я капитану а махуэм джэгуа Узденов Роман Гавриловым и гъуэм ебгъэрыкIуащ икIи лъэщу зэуа топым гъуащхьэтетыр пэлъэщакъым - 1:2.

«Спартак-Налшык-Д»-р абдеж къыщыувыIакъым. ЗэIущIэм и етIуанэ Iыхьэр зэрыщIидзэжрэ дакъикъэ зытIущ нэхъ дэмыкIауэ Альварэ къыхита топыр Балэм гъуэм игъэкIуащ - 1:3.

Мэзкуудэсхэм худагъэкIа топ бжыгъэр ирикъуауэ къалъытагъэнщ хьэщIэхэм икIи хэгъэрейхэр хуит ящIри, ди гъуэм къебгъэрыкIуэн щIадзащ. Апхуэдэу ди гъуащхьэхъумэхэм яIэщIэкIауэ гъуэм хуэкIуэ Полуяхтовыр ираууду фIэкIа къахуэгъэувыIакъым - пенальти. Ар игъэзэщIэну дзыхь зрагъэза Пономаревым къигъэпэжащ - 2:3.

Мыр налшыкдэсхэм я епщIанэ текIуэныгъэщ. Мы гъэ джэгугъуэм зэи нэмысауэ ахэр япэ дыдэу турнир таблицэм и еплIанэ увыпIэм дэкIуеящ. Дыщыгугъынщ, ди щIалэхэм нэхъ лъагэжу заIэтыну.

Махуэкум иджыри зы зэIущIэ екIуэкIащ - «Динамо-Д»-мрэ «Томь-Д»-мрэ зэрытемыгъэкIуауэ - 1:1- уэ - зэбгъэдэкIыжащ.

ЖЫЛАСЭ Замир.

Командэхэр	Дж.	Къ.	З.	ФI.	Т.	О.
1. «Спартак»	**22**	**17**	**2**	**3**	**57-18**	**53**
2. ЦСКА	**22**	**13**	**4**	**5**	**35-20**	**43**
3. «Локомотив»	22	10	8	4	37-25	38
4. «Спартак-Налшык»	**22**	**10**	**6**	**6**	**36-22**	**36**
5. «Рубин»	21	10	4	7	33-28	34
6. «Кубань»	22	10	3	9	36-36	33
7. «Крылья Советов»	22	8	6	8	31-29	30
8. «Сатурн»	22	8	5	9	23-30	29
9. «Ростов»	22	8	4	10	32-36	28
10. «Амкар»	22	8	4	10	26-31	28
11. «Томь»	23	6	10	7	30-29	28
12. «Зенит»	22	6	7	9	24-32	25
13. «Москва»	23	6	6	11	19-31	24
14. «Химки»	22	5	5	12	28-44	20
15. «Луч-Энергия»	**22**	**4**	**7**	**11**	**10 -31**	**19**
16. «Динамо»	**23**	**4**	**7**	**12**	**12-27**	**19**

●ГАИ-м къет

Тхьэмахуэ зэхуакум

ШыщхьэIум и 20-26-хэм республикэм гъуэгу насыпыншагъэу 12 къыщыхъуати, зы цIыху хэкIуэдащ, 16-м фэбжь хахащ.

ШЫЩХЬЭIУМ и 24-м сыхьэт 11-рэ дакъикъи 5-м «Автоваз» таксим и лэжьакIуэм зэригъакIуэ ВАЗ-21053 автомашинэр Гагариным и уэрамым (иджы Идар Темрыкъуэ и цIэр зезыхьэрщ) щыжьэхэуащ гъуэгу IуэхущIапIэм и лэжьакIуэм. Фэбжь зыгъуэта лъэсырыкIуэр сымаджэщым ягъэгъуэлъащ.

Гъуэгу плъырхэм сэтей къащIащ агрегатым тетын хуей номерхэр зэрахъуэкIауэ е укъемыджэфу автомашини 8.

Тхьэмахуэ зэхуакум къриубыдэу къагъуэтащ е къытрахащ: къалъыхъуэ къэрал регистрацэ дамыгъэ, шофер тхылъ, транспортыр зэратхам и тхылъ. Апхуэдэуи яубыдащ зэрыхъунщIам къыхэкIыу къалъыхъуэ, Невинномысск къалэм щыщ цIыхухъур.

Гъуэгу плъырхэм Прохладнэ къалэм щаубыдащ ВАЗ-21063 автомашинэр ирахужьауэ шэч зыхуащI, щIыпIэм щыщ цIыхухъуитI.

Тхьэмахуэ зэхуакум сэтей къащIащ зыхуей тхылъхэр щIымыгъуу гъущI зышэу автомашинитI (зым тонни 8, адрейм тонни 10 ярылъу). ЦIыхуитI яубыдащ, наркотик я машинэм илъу къагъэувыIэри.

Прохладнэ районым щыIэ Лесной къуажэм балигъ мыхъуа лъэсырыкIуэм автомашинэкIэ щыжьэхэуащ шыщхьэIум и 26-м сыхьэт 12-рэ дакъикъэ 40-м. Абы и рулым дэсам зигъэпщкIужат, арщхьэкIэ Прохладнэ РОВД-м и ОГИБДД-м и лэжьакIуэхэм къагъуэтащ ар икIи яубыдащ. Ар илъэс 29-рэ зи ныбжь прохладнэдэсырщ.

ТКАЧЕНКЭ Ольгэ,
КъБР-м щыIэ МВД-м и УГИБДД-м и пресс-IуэхущIапIэм и лэжьакIуэ.

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

ЗЫГЪЕЗЫГУЭ МАХУЭМ
Мэлхъэдис

● Адыгэхэм теухуауэ

Щхьэхуитныгъэр зыпащі щыІэкъым

ЗЭЗЭМЫЗЭХХЭЩ мыбы кьыщыхьур зи жьакІэм тхъуГгъэ химыдза, илъэс 40 нэхьрэ нэхьыщІэн щІалэр эзхуэсым щыхэпсэлъых. Ар напэтехыу ялытэ. Зи акъыл тІыса, жьакІэуу псалъэ щІыхурщ кьыззхуэсахэр зэдэГъэнкІэ хъунур.

ЛОНГВОРТ Джон,
XIX лІэщІыгъуэм Лондон кьыщыдэжІыу щыта «Таймс» газетым и лэжьакІуэ.

* * *

ХЬЭЩІЭР гъэлъэпІэнымкІэ адыгэхэр дэ кьыттокІуэ. Хьэщ1эр абыхэм зыпащІ щыІэкъым. Уи хьэщІэ пщІэ хуумыщІыныр, абы гуемыІу кьылыбгъэсыныр адыгэм дежкІэ напэтехыу щыІэм я лейщ.

ПУШКИН Александр,
урыс усакІуэ щІэрыІуэ.

* * *

ШЭРДЖЭСХЭМ (адыгэхэм) щхьэхуитныгъэр зыпащІ щыІэкъым. Зы лъэпкъи дунейм тету кьыщІэкІынкъым абыхэм хуэдэу уэрэ уардагъэр зыгъэльапІэ. Ныбжьыщіэхэр зэрыгъэшэным и Іуэхум ахэр тКІийуэ бгъэдохьэ. Арагъэнщ кьызыхэкІа ельытауэ зэхуэмыфащэхэр зэщхьэгъуэсэ щыІэхуэхъу мыбы куэдрэ ущІыщримыхьэлІэр.

БЛАРАМБЕРГ Иван,
1823 гъэм Урысейм къэзэнхьуэжа нэмыц, 1827 гъэм кьыщыщІэдзауэ урыс пащтыхьыдзэм кьулыкъу щызыщІа генерал-лейтенант.

Дэфтэрхэм къаІуэтэж

450

1937 гъэр Къэбэрдей-Балькъэрым «революцым и бийхэм бэнэныгъэ гуащІэ щращІэкІа, сакъыныгъэр щагъэльэща» лъэхъэнэт.

Гу лъ мытынкІэ Іэмал иІэкъым щэ хуу яГъэхьэзыра мыпхуэдэ тхыгъэ щхьэхуэм:

«Къуажэ корреспондент, згъэджакІуэ Гацунаевым нэхъапэм 1918 гъэм кьыщыщІэдзауэ 1920 гъэ пщІондэ хужьыдзэм хэту и къуэш полковник Гацунаевым щыГъуэ Деникиным и штабымрэ пулемет ротэмрэ кьулыкъу щищІащ. Кьрымым щекІуэкІа зауэхэм хэтащ.

Зи гугъу тращІыр дзыкьащІыгъуэдэхэщ, хэхуэу кІэлыплъыпхъэщ. И кьуэш по лковник Гацунаевыр Ленинград областым гъущ гъуэгу транспортым бухгалтеру щолажьэ. Абы тэмэму зыхигъэпщэхъуауэ кьыщІэкІынущ».

Щыху гъащІэ дапщэ зэтракьута а псэзэпыльхъэпІэ эзман хьэльэм? Абы щыгъуэ ди интелигенцэм ещанэ щыгъуэтар кьыриб гъэльэгъуэну ирикъунщ 1937 гъэм гъатхэпэм и 15-м Къэбэрдей-Балькъэр облисполкомым егъэджэныгъэмкІэ и отделым и унафэщІ АфІэунэм щІэныгъэ ІуэхуэхэмкІэ наркомым и яп э кьуэдзэ Волиным хигъэхъа тхыгъэр:

«НКВД-м и органэхэм кьыщІагъэщащ икІи яубыдащ революцІэм и бий бгъэлъапІэ зэхэтхьар щыуэ-ныкъо ирагъэхьэщрэ. Комиссэ щхьэхуэм кьепщІтэ икІи кьыхехьэк эи цІэ кьитІуахэм ятхауэ е зэрадзэкІаеу щІыхуэм яІыгъ зэреджэ учебникэр, адрей литературэхэр, кьыдэкІагьащІэхэмрэ кьыдагъэкІыну яГъэхьэзыр Іэрытхэмрэ.

Абы кьыхэкІыу щІэрыщІэу кьыззэдгъэщащ адыгэбзэкрэ балькъэрбзэкІэ зэреджэну тхыльхэр зыгъэхьэзырыну, зэзыдзэкІыну гупхэр. А гупхэм ядэІэпыкъун папщІэ Алфавитыщ1эмкІэ Комитету щІыпІэм щыІэм щІэныгъэ лэжьакІуэ кьыхуэгъэнэну ВЫКНА-м телеграфкІэ зыхуэдгъэзэти, жэуап иІэкъым...»

Совет лъэхъэнэм и тхыдэр щрагъэжькІэ лъэпощхьэпо нуэд кьыкьуэкІырт, псом хуэмыдэу тхылъхэмрэ пособиехэмрэ «цІыхубэм я бийхэм» и ІэдакъэщІэкІыу щытмэ. А темэмкІэ нэгъуэщІ литературэ щыІэтэкъым. Апхуэдэхэм дежи кьыщыщІэ щыІэт Налшык дэт езанэ школым есэпымкІэ и егъэджакІуэ Ильин А.А. облисполкомым щыхуэбэ егъэджэныгъэмкІэ и отделым и парторгым (и унэцІэр кьэгъэлъэгъуакьым) 1937 гъэм щэкІуэгъэуэм и 23-м хуитха тхыгъэм кьыщигъэлъэгъуэм хуэдэ:

«б-нэ «б» классым и пионер зэхуэсу щэкІуэгъэуэм и 11-м тедухуэм щыхэпкІрахьи хуейт ныбжьэгъу Калининым и гъащІэм и кьекІуэкІыкІар. Вожатэм кьыпэщІитт ныбжьэгъу Калининым и гъащІэм и кьекІуэкІыкІар кІэщІу кІэнэгъэзырыну. Абы зыбжанэрэ кьыхигъэщат тхыгъэ зэрыщымыІэр. Сэ КОГИЗ-ми киоскхэмэ брошюрэм сыщылъыхьауэ, ауэ зыщІэпІи щыгъэгъэтакьым.

ЩэкІуэгъуэм и 3-м е и 4-м, сытми, а махуэхэм хуэзэу пщыхьэщхьэм ОНО-м и 49-нэ пэшым сыщылажьэрт, кадр хэмкІэ тхыгъэ згъэзхьэзыру. Тхылъкэр зыдэлъ шкафыр Іухати, ищхьэ телъхьэпІэм телъхэм сащыхэпльэм Калинин М. И. и сурэтыр зытет брошюрэ тхьэмбылыфэм сыІуущ. Сурэтым и льабжьэм щІэтхат «Илъэс 50 щыкъум ирихьэлІэу» жиІэу.

Брошюрэр си жьыпим исльхьэрэ школым кьэсхьащ икІи итым семыплъу вожатэм естащ. Ар щэкІуэгъуэм и 3-р е 4-р арауэ си гугъэжщ.

ЩэкІуэгъуэм и 9-м е 10-м вожатэ Родовниченкэ школым кьакІуэри кьыхэкІащ брошюрэр Бухарин Н. зэритхар икІи Акуловымрэ зи унэцІэр сымыщІэж нэгъуэщІитІымрэ я редакцэм щІэту кьыззрыдэкІар. Сэ Іэнкун сыкьэхъури, брошюрэр кьысхуихьыну жесІащ. Бакаушиным езым кьыбгъэдэкІыу кьызжиІащ а брошюрэр кьэбгъэсэбэн мыхъуну. ЩэкІуэгъуэм и 10-м е и 11-м Родовниченкэ брошюрэр кьысхуихьащ икІи ар цІыхубэм я бийм зэритхар кьыщысщІэм, Іэнкун сыкьэхъащ, унэм сыкІуэжщ, зэфІэстхъри, хьэкум издзащ. КьБАССР-м и ОНО-м и унафэщІым е парторгым езмыту зэрызэфІэстхъар щыуэгъэшхэу зэрыщытыр кьыщысугурыІуэжар етІуанэ махуэрщ.

Вожатэм жраІащ брошюрэм иту зэдкажэр кьимыгъэсэбэнымэ, помещикыр кьыщалъхуа гъэм, и унэцІэм, заводым щыува гъэм тригъащІэу и псалъэмакъыр абы триуэжну. 1937 гъэм щэкІуэгъуэм и 11-м пионерхэм я зэхуэсым вожатэм щахуиІуэтащ: Калинин М.И. мэкъумэщыщІэ унагъуэ кьулейсым кьыщалъхуащ, гъэмрэ кьуажэщІэмрэ кьриІуащ. И сабинигъуэм щытепсэлъыхьым жиІащ Михаил Иван и кьуэр и щыпхэу, и кьуэш щыкІуэхэм якІэлыплърэ и унагъуэм зэрыщыкъуэу, илъэс 11-м щыублэ кІуэу, еджакІуэфІу щытуэр, школ библиотекэр зэрыщІту щиджыкІауэ.

Зэрыкьулейсызым кьыхъ экІыу, Калинин М. Ленинград (Санкт-Пе тербургыщытам) щалэ щыкІуу яшэри, Іэпыдзлъэпыдзэу помещикым ирагащ. Щалэ щыкІуэм и гъащІэр і гуГъу, ауэ дауэ я мыхъуэжьу 16-м ныбжьэгъу Калининыр заводым мэуэ икІи гъэпщылакІуэхэм, капиталистхэм, пащтыхь властым пэщІэту гуащІэрэпсэуэхэм я гъащІэ насипыфІэм и бэнакІуэм и лэжьыгъэм щІедзэ.

Сэ сытепсэлъыхьащ ныбжьэгъу Калининым и сабинигъуэм, ныбжьэгъу Калининыр кьызыхэхьуІам, кьызэгъэпэщакІуэу, пропагандистуу, бэнакІуэ кьэмылэндж жу зэрыщытым, Калинин М. И. ещхь хьун щхьэкІэ пионерхэм ящІэн хуейхэм. Пионерхэм я зэхуэсыр абдеж щиухащ.

Политикэ и лъэныкъуэкІэ сызэрыпнабгъэм кьыхэжІыу, щыуагъэ ин дыдэу тІу злэжьащ: естым сызэрэрагьыплъамрэ брошюрэр зэрызэфІэстхъамрэ».

ИпэжьыпІэкІэ гъащІэм и апхуэдэ Іэнатіэ тКІийм Іуту 1937 гъэм Къэбэрдей-Балькъэрым зыщиужьащ щыхубэр егъэджэныжьмкІэ щІэныгъэм.

НЫБЭЖЬ Къазбэч,
КъБР-м и Архив Іуэхущапіэм и Іэщагъэлэ нэхьыщхьэ.

● Ар пэжщ

Гиннесс и тхылъым папщІэ

Урибе Мануэль кьыщалъхуар Мексикэрщ. Илъэс 110-щІым нэсыхэу тэмэму зиужьащ, ещанІэ нэхъыщхьэ кьиухащ, компьютер техникэм фы дыдэу хещІыкІ икІи иролажьэ. И дуней тетыкІэкІи и псэуІэкІи и ныбжьэгъуэм зыкІи кьахэмыщу кьэбгъэкІыурэ, илъэс 110-щІым щхьэдэхэ нэужь, зэуэ пшэр хьууэ щІидзащ. Иджыпсту Мануэль илъэс 42-рэ мэхъу, килограмм 560-рэ кьешэч, метриІ зи бгъуагъ гъуэлъыпІэм ихуэзыкрхъым. Абы япэ щІыкІэ пхъэ гъуэлъыпІэ ирилъэщІати, ишэчакъым, зэриГъуэлъхьэу игъэщащ. ИПІанэ алюминым кьыхэщІыкІауэ иригъэщІати, арп кьигъэщащ. Иджы зэрылтыр гъущІ гъуэлъыпІэ быдзщ.

Медикхэм кьахэущІэркъым Урибе апхуэдизу пшэр щІэхьур. Игури, и тхьэмщІыгъури, и жьажьейри, адрей органхэри тэмэму мэлажьэ, егъэлеяуи шхэркъым. И шхыныгъуэхэр нэхъыбэу прунж, нартыху, джэш хуэдэхэрщ, пхъэщхьэмыщхьэри, хадэхэкІри и хьэрэмкъым, лыуэ ишхыр мащІэ дыдэщ. Ауэ иджы зы щылъэм трагъэуващ: мащІэ дыдэуэ махуэм тхуэ шхэну, (ерыскыщр хуэзыгъэхьэзырыр и анэ Офелиещ), и Іэпкъльпкъыр кІэщІкІэщІуэрэ яшытІэну, псом хуэмыдэу и лъакъуитІыр. (и зы лъакъуэм щыху балигъым и Іэпплакіуэрэ кьекІуэкІ къудейщ). А псори сэбэп хуэхъуу щІидзащ, и хьэпъагьыи жеГъэщІ. Апхуэдэу екІуэкІмэ, мы гъэм и кІэхэм ирихьэлІэу килограмм 200 хуэдиз кІэригъэхуфыну хуагъэфащэ. Ауэ, сыт хуэдэу щытми, 2008 гъэм Рекордхэр зратхэу кьыдэкІыну Гиннесс и тхылъым ирагъэхэунщ.

Урибе Мануэль и мурадхэр кьехъуІэрэ, нэхъ уэд зищІыфмэ, езым хуэдэу пшэр щІыхухэм сыт и лъэныкъуэкІи защІигъэкъуэну и мурадщ.

УГЪУРЛЫ Нурий.

● Щыхэшхуэхэм жалахэр

ХьэщІэ льапІэ

Псоми щыгъуаэз зыщІ, ауэ акъылыр сытым дежи япэ иГэт.

Пифагор,
ильдис философ, математик.

Нэхъ Іуэхуфі дэнэ кьыпхьи, уэ ищІэмкІэ адрейхэм уадэгуэшэным нэхъри?

Квинтилиан Марк,
урыс оратор.

Дахагъэр дэни щыхьэщІэ лъапІэщ.

Гете Иоганн,
нэмыц усакІуэ.

Дахагъэм и щэхуэр

● Фщіэн щхьэкіэ

Напафэр гъущэмэ, ар нэхъ псынІэ зэрыщыщІи Іэмалхэр сытым дежи кьэбгъэсэбэнымэ хуеищ. Апхуэдэуи жьыбгъэм, дыгъэм, пэшым щІэт хьэуа гъущэм зэрыщыпхъэмэным иужь уитыпхэщ. ФІей хьуауэ кьыпщымыхъыми, напафэр махуэм тІэу бгъэхьэбзэн хуейщ лосьон зэхуэмыдэхэмкІэ, крем зэмыдІэужьыгъуэхэмкІэ. Напафэм крем нэхъыбэ щыщыхуэн хуейр щымахуэмрэ витаминхэр щымащІэ гъатхэмрэщ.

* * *

Розэм, шынэ-шынэм, мыІэрысэм, кьуэнхъурейм, бэрэтІинагъуэм , кьэрабэм, хьэжыкІэм, фІарийм, санэм я тхьэмпэхэм (зэгъуэуэ зырыуэри кьэбгъэсэбэн хуэмыщ) кьыхэпщыкІ хъунущ напафэм сэбэп хуэхьуну зэхэлъхэр. Тхьэмпэхэр бо ущэб е лыхьжьым щыбогъэкІри, бжэмышхиплІ хуэм кьыхьибох. Шатэм и Іувагъым хуэдэ хьуукІэ псы кьэкъуалъэщыбокІэ. Абы лимоныпс е мыІэрысэм кьыхэщІыкІа серчэ хьибокІэри фІыуэ зэІыбоощІэ.

Псы щыгъуаэз зыщІ, ауэ акъылыр сытым дежи япэ иГэт.

Пифагор,
ильдис философ, математик.

Нэхъ Іуэхуфі дэнэ кьыпхьи, уэ ищІэмкІэ адрейхэм уадэгуэшэным нэхъри?

Квинтилиан Марк,
урыс оратор.

Дахагъэр дэни щыхьэщІэ лъапІэщ.

Гете Иоганн,
нэмыц усакІуэ.

УпщІыуа нэужь, уи нэкІуми, уи пщэми теплъхьэ хъунущ.

* * *

Напэр гъущІамэ, мыІэрысэм кьыхэщІыкІа маскэ хуэпщІыныр сэбэпышхуэщ. Зы джэдыкІэм и кугъуэр шатэпс бжэмышхьшхэжІэ зэлыбоудри, зы мыІэрысэ тхъунщІа хьоольъхьэ. Ар напэм тыбольхьэри, дакьикьэ 20-кІэ кІэрыбогъэпІэ. Ипэ щыкІэ псы хуабжІэ бгъэхьэщІыжри, итІанэ псы щІыІэ тІэкІу напэм щыбокІэ.

* * *

Дагъэр зэбэкІ напэр сытым дежи пльэщІын хуейщ. АбыкІэ сэбэп кьыфхуэхьунущ мыІэрысэм кьыхэщІыкІа серчэр. Дагъэр зэбэкІ напэм дагъэ зыхэлъ крем щыпхуэ мыхьуну кьэзыпльэтэхэр щоуэ. Сыт щхьэкІэ жьипІэмэ, ар абы и сэбэпщ. ЗыптхъэщІын итп кьихуэу шху е шэ фІэуэ зыщІыхуэныр хьарзынэщ.

● Тхакіуэхэм я гъащІэм щыщ

Сыту дызэщхъ

Франджы усакІуэ Пирон Алексис мазэр кьыщІэкІа нэужь, уэрамхэм кьыщикІухьуэрэ трагедиехэмрэ одэхэмрэ зэхилъхьэн фІэфІт. Апхуэдэу зы жащ гуэрым Париж и уэрамхэм ящыщ щым полицэм щиубыдащ ар. ЩІэпхъаджащІэ хьэрадауэ кьащыхьужу полицэм яшэри, кьыпкъуэрыпщІыхьу уэжьащ:

- Ухэт? Сыт зи Іуэху зепхуэр?

- Сэ сыуэсурэ Іуэщ, - жиІащ Пирон.

- Арат жыхуэпІэр, си кІуэшри усакІуэщ, - кІиящ полицэ щІаІэр.

- Ди унагъуэхэр хуабжьу зэрызэщхъ, - жиІащ Пирон, кьызыфІимыгъэІуэхуу, - си кІуэшри уэ уэщхьу мыкІуэмытэщ.

Нэхъ кІэщІ дэнэ кьипхьи?

Гюго Виктор и романыр щІэджыкІакІуэхэм кьаззрыщыхъур кьищІэн мурадкІэ, тхылъ тедзапІэм и тхьэмадэм деж телеграммэ игъэхьащ, мыпхуэдэу ити: «?».

Жэуап кІэщІи кьыхуэкІуэжащ: «!».

Зэран фыкъыысхуэмыхъу

Зэгуэрым Шоу Бернард и унэм дыгъуэхэр кьыщІыхьат. ТхакІуэр зэрыкъулейр и тхылъхэрати, абы еІуэсакъым, зы кІэлошыжь закъуэ иІэти, ар щІахащ.

ЕтІуанэ махуэм Шоу и бжэм тхылъымпІэ кьыфІидзащ, мыпхуэдэу ити:

«Дыгъуэхэм папщІэ!

Мы унэм хьэпшыпІ лъапІэ зыри щІэлъыжкъым. Си кІэлошыжьыр ядыгъуакІэщ, Ауэ си джэдуэ зытелъ алэрыбгъу щІыкІур кьэфщтэну мурад фщІымэ, джэду жеяр кьэвмыгъэшуу хуэмыдэ щэнтиуэм ифлъхьэ. Щэнтиуэм фехъуапсэмэ, джэдур гъуджэ лъабжьэм щІэвгъэгъуэлъхъэ. Гъуджэр кьэвмыщтэми хъуну кьысщохъу, кьызэрычам кьыхэкІыу. Апхуэдэуи, хуабжьу сыныволъэІу, фыкъыщыщІыхьэкІэ е фыщыщІэкІыжкІэ бжэм макъ емыгъэщІ, си лэжьыгъэм зэран хуэхъуриІ.

ТхакІуэ **Шоу».**

● Щэнджэщхэр

Уи вакъэр щІэмэ...

* * *

ВакъэщІэр пхуэзэмэ, дыху тІэкІу ипкІэу лъыпІагъэ хъунущ. Вакъэ щІыІуми дыху щыпхэзмэ, нэхъ псынщІэу хэкІынщ.

* * *

Вакъэ кІуэщІым мэ гурымыкъырх хьуамэ, псы литрым марганец тІэкІу хьібогъэщащэри, кьыбольэщІыкІ.

Фэм кьыхэщІыкІа щыгъынхэр, вакъэхэр, сумкэхэр кьабзэ ещІ сабыныпс литрым нашатыр спирт бжэмыших цІыкІу хэфкІэрэ фльэщІмэ.

* * *

Лэч зыщыхуа вакъэр Іэпапіэ-Іэпапіэу фагъуэ хьуамэ, абы бжьын зэгуэгъажьпІэр хуэгъэзаауэ щахуэри, хьыдан щабэ кІапэкІэ ялъэщІыж.

* * *

Уи вакъэхэр щІэщІэнтхъуэмэ, абыхэм я лъэгур зэман-зэманкІэ кІэртІоф цІынэ зэгуэгъажакІэ пльэщІхъунущ.

* * *

ВакъэщІэр пхуэзэмэ, дыху тІэкІу ипкІэу лъыпІагъэ хъунущ. Вакъэ щІыІуми дыху щыпхэзмэ, нэхъ псынщІэу хэкІынщ.

* * *

Вакъэ кІуэщІым мэ гурымыкъырх хьуамэ, псы литрым марганец тІэкІу хьібогъэщащэри, кьыбольэщІыкІ.

Псалъэзэблэдз

Екіуэкіыу: **1.** Щы кьнуда. **3.** Жьгейм е бжейм кьыхэщІыкІа кумбыгъэ ин. **5.** Махуэщ1. **11.** Хадэм зэрилъэжьыхь Іэмэпсымэ. **12** Илъэс зыщыплІ зи ныбжь щыбз. **15** Дин лэжьакІуэ. **16**. Джабэм кьех шыгур нэхъ хуэм зэращІ, кьыззрагъэувыІэ. **17** «Бжьыщ1эгъуэм ... задэщ, бжьыш шхыгъуэм жумэрэщІ» - псалъэжь. **18** «НЫкъуСанигъэ» псалъэр нэгъэщІу зэрыжаІэ. **20**. Купсэ кІыхь зиІэ удз. **21** Іэпсльэпсым щыщ. **32** Африкэм щыщ къэрал нэхъ ин дыдэр. **36**. Адыгей Республикэм и нэр я президенту щыта. **37** Шыми и кІуэжь. **38** . Пхъэщхьэмыкъуэ. **39**. Мэкъуэгъэ Іэмэпсымэ. **42**. Щыхьэ лъэщ, къарууфІэ. **44**. Къуаіэ-чыщэ. **45**. НэгъуэщІ хэку щыпсэу щІыху. **50**. Зэпымыууэ уэс зытель бгы абрагъуэ. **52** Тырку дзэзешэм зэреджэ. **53**. ЩІалъхьауапхъэ. **54**. Зимыкъэпшыпрым и Суэ НЫхьащІэкъэ и унафэщІ. **22**. Адыгэ генерал. **24.** Бжэныфэм къыхащІыкІ къэп. **26.** ЦІыху тКІий, залым, гущІэгъэнщэ. **27.** СНГ-м хиубыдэ къэралэм ящыщ зым и щыхьэр. **28.** Шэжьпс гъэфІфІуа. **30.** ТхылъымпІэ хьэщэ. **33.** Дзыдзэ лъэпкъым щыщ псэущхьэ. **34.** Куэзырым абы кьытекІуэ хэткъым. **35.** Щыхь лъэпкъ. **40.** Кьамылым кьыхэщІыкІа хьэщыпІ, унэлъащІэ. **41.** Адыгэ сабийпхэм папщІэ кьыдэкІ журнал. **43.** Адыгэ таурыхъэм ущыщрихьэдІэ щы лъэрызехьэ. **46.** Іэщ. **47.** Зиусхьэн лъэпкъ. **48.** ЛІыгъэнщэ, шынэгъуафІэ. **49.** Гъуэу хуежьа жыгым кьытекІэ Іэгъэбгу. **51.** Машинэм, щыгум я зы Іыхьэ. **54.** ГущІэхэкІ лъапІэ. **55.** Нэщ1 ицым и пщэдджыжьышхэ. **56.** КьурІэн цІыкІу. **58.** ПыІэ ... **60.** Іэгум кьытращІа фэ Іув пхьашэ. **64.** Адыгэ къэфакІэ.

Зэхэзыльхьар **МЫЗАхьмодщ.**

ЩІыщхьэІум и 25-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:

Екіуэкіыу: **1.** «Лъапсэ». **6.** Бланэ. **10.** МафІэдз. **12.** АфІэунэ. **13.** Іусыпхъэ. **14.** Тхьэмпэ. **15.** Сыщ. **16.** Хьэзешэ. **20.** «Къуэпісхэр». **23.** Бабыщ. **25.** Гъуаплъэ. **26.** Тэмэм. **27.** Хьэмэм. **28.** Жыгей. **29.** Махэшхэу. **36.** «Шагьдий». **37.** Бот. **39.** Шумахуэ. **40.** Пащтыхь. **41.** «МазэщІэ». **42.** Хьэмыкъ. **43.** Бэлагъ. **44.** ЩІагуч.

Кьехыу: **2.** Анэмэт. **3.** Санэпль. **4.** Жасуе. **5.** Шэрэдж. **7.** Лэскэн. **8.** Нэпсей. **9.** Тахьтэ. **11.** Дзбэч. **17.** Кьэльтмакъ. **18.** «Сэрмахуэ». **19.** Махуэку. **21.** СампІэ. **22.** Альтес. **24.** Щам. **25.** Гъубж. **30.** «Пшэпль». **31.** Бгъащхъуэ. **32.** КъикІыкІа. **33.** Жумарт. **34.** Кьарэсу. **35.** Хьэлэл. **37.** Бэтэх. **38.** Тутын.

НапэкІуэцІыр зыгъэхъэзырар НЭЩІЭПЫДЖЭ Замирэщ.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФЫЦІЭ Мухьэмэд

РЕДАКЦЭМ И КОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР

ЖьэкІэмыхьу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Щырдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурьжь Мадинэ** (жэуап зыхь ящІыІ сыхь секретарь), **Жылаеэ Маритэ, Ныбжьк Таисэ, Уэрдокъуэ Жансурэт, Шал Мухьэмэд.**

ДИ ХЭЩІАПІЭР

360030, Къэбэрдей-Балькъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и цІэкІэ щыІэ уэрам, 5, ебгъуанэ - епщІанэ къатхэр.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ льэпкъ ІуэхуэхэмкІэ - 42-22-86; кьуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 47-22-63, 42-57-59; щэнхабзэмкІэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъуэмэ Іуэхущапіэхэм ядэлэжьэныбжь - 42-60-53; хьыбарыщІэхэмкІэ, спортымрэ письмохэмкІэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 42-63-64, 47-32-15; зэдэкІакІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іуэхущапіэм - 42-26-41; сурэттехьэм - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм кьыщыхьа бжыгъэхэм, кьыщаІэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъымкІэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху епльыкІэр зэтехуэ зэпыту щытыкІэм.

Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхьынкІэ и пщэ дольщ КъБР-м федеральнэ поштэ зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм.

Тел.: 42-06-51, 42-19-59.

Газетыр щэнымкІэ жэуап ехь КъБР-м и "Роспечать" АО-м.

Газетыр 1989 гъэм дыгъэгъазэм и 16-м №Н-0065-м щІэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къудокІ.

КъБР-м ЩІихабзэмрэ хьыбарегъащІэ Іэнатіэхэмкіэ и министерствэм 1905 гъэм щыІа Революцэм и цІэр зезыхьэ и полиграфкомбинат, Налшык къ., Лениным и цІэкІэ щыІэ уэрам, 33, телефоныр 42-35-75.

Мы кьыдэкІыгъуэм елэжьахэщ: **жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ Дыщэкі Соня, редакторхэу Іэнаіэ Анатолэ, ЖьэкІэмыхьу Маринэ, корректорхэу Афэ Тамарэ *(5-нэ нап.)*, ПхьатІыкІ Юрэ *(1, 2-нэ нап.)*, Табыщ Диниф *(3, 4-нэ нап.)*. *Компьютерхэр газетым и теплъэр ящІащ* Дол Маринэ, ГъукІэлІ Рае, ЩакІуэ Мадинэ, *сурэтыщІ* Бицу Жанэ.**

Номерыр "Адыгэ псалъэм" и компьютер Іэнатіэм щагъэхьазыращ.

Газетым Іэ тедзэн хуейщ сыхьэт 20.00-м. Щыгрэдзар сыхьэт 21.00-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 10.037 ● Заказ №2577